ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№214 (22.122) ● 2011 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Кавказ Ищхъэрэ

## Езыхэми щIынальэми я фейдэ хэлъу

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIынальэм щыIэ Хлопонин Александр езым и Iэхъущlапlэм щригъэблагъащ «Мэшыкъуэ-2011» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ форумым егъэщIылIауэ проектхэр зыгъэхьэзырахэм я унэтIакIуэхэр. Зэ-Iущlэм хэтахэр тепсэлыхьыным пашэныгъэр кыщIзыхьа проект зыбжанэр зэрыпхагъэкIыну Iэмалхэм.**

КЪУХАЛЪХЬА апхуэдэ жэрдэмхэм ящыщ зыщ ухуакIуэ студент отрядхэм я зэщIэхьееныгъэм щIинальэм зыщегъэубгъуныр. Проектым и куратор Семеновэ Еленэ жиIащ мы зэманым щIалэу, хьыджэбзу 500-м щIигъу ухуэныгъэ Iэнатlэ инхэм щылэжьэну зэрыпхьэзырыр. Нэгъабэ студентхэм Iэмал яIащ олимп ухуэныгъэхэм хэтыну, арщхьэкIэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кыхэкIыну, мы гъэм ар яхуэфIэкIыну кыщIэкIынукъым. Абы кьыдэкIуэри, ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI нэгъущIэхэм зэкIэ студентхэм зыкъыпащIэну хуейкъым.

Хлопонин Александр зэщIэхьееныгъэм и кыиэзгъэпэщакIуэхэр кыхуригджащ ирахьэжьа лэжьыгъэр хабзэ пыухыкIам тещIыхьауэ эзтрауху эну. Абы кьыдэзрилъытэмкIэ, Iуэхум хыхьэн хуейщ щIынальэ зыужьынныгъэмкIэ министерствэм СКФО-м щиIэ къудамэмрэ полномочнэ лыкIуэм и Iуэхущlапlэм и экономикэ Iэнатlэмрэ. Абыхэм ящыщ ящыщ егъэсэнэр ныбжьыщIэхэм цыхуигъэшхуэ яхэзыIыхьэ Iэмалу щытщ.

- Американ университет куэдым ущеджэныкуэм волонтеру ущымыгъуэ, - кхыхигъэщхьэхуIащ Хлопонин Александр.- Абы щыгъуэми, зэфIагъэкIыныкIыфIыхьыфыну кьалэнхэр ди деж щынэхъ мащIэкъым.

Полномочнэ лыкIуэм езым, и аппаратым и Iэжьакlуэхэмрэ округым и щIалэгъуалэ активымрэ кьалэн ящыщщ щIинальэм волонтер зэщIэхьееныгъэм зыщегъэубгъуным хуэгъэза Iуэхухэр дыгъэгъазэм ирихьэлIэу зэхэлъхьэну.

«Мэшыкъуэ-2011» щIалэгъуалэ зэхьихьэм хэта Верещагин Алексей кхыхилъхьащ округым и кьалэ цIыкIуэхэм псэуныгъэ Iэнатlэмкlэ я зэгухьэныгъэ кхыэзгъэпэщыным теухуа проект. Ар щIэгъэкъуэн хуэхьунут властхэмрэ щIыпlэ жылагъуэхэмрэ нэхъ куууэ зызэпащIэным.

Мы проектым щыхэплъэнущ Полномочнэ лыкIуэм и деж щIыпlэ самоуправленэм пыща Iуэхуэмкlэ щIыпlэ советым мыгувэу иригъэкIуэжыну зэIущIэм.

Интернет-проектым и унафэщI Гороховэ Еленэ и гугъу ищIащ округым и Интернет ресурсхэмрэ властым и органхэмрэ зэрызэдзэкIэжыну щIыкIэм. Апхуэдэ зэдзэкIэжьэныгъэр сэбэпышхуэ хьунут. Хлопонин Александр а жэрдэмыр диIыгъащ.

Зэ Iущ Iэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ мэкъумэщ хозяйствэм, щIалэгъуалэ туризмым я Iэнатlэхэм ягъэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зыщегъэужьыным хуэгъэза проектхэм.

**ЦЕКЪУ ПIатI.**

## Абхъазым и дамыгъэ нэхъыщхьэр къыхуагъэфащэ

ИДЖЫБЛАГЪЭ Абхъаз Республикэм и Президент Анкваб Александр «Ахьдз-Апша» («ЩIыхьрэ ПщIэрэ») орденым и ещанэ нагъыщIэ Сыхъум кьалэм къыщиритащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и УнафэщI Битокъу Владимир. Апхуэдэ пщIэр абы къыхуагъэфащащ «Абхъазымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным и лъэныкъэкIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым папщIэ». Абхъазым и Президентыр Битокъу Владимир кьехъуэхъуащ екъуэлIэныгъэхэр иIэну икIи ди зэкъуэш лъэпкъхэм, къэралитIым дяпэкIи жыдэкъу яхуэлэжьну.

«ЩIыхьрэ ПщIэрэ» орденыр Абхъаз Республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэщ. Ар Абхъаз Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) игъэуващ 2002 гъэм щIышылэм и 10-м.

*КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.*



Битокъу Владимир

## Дэ щIыуэ республикэм

### Жьапщэм кърикIуахэр

АДЫГЕЙ. ***Республикэм щыIа жьапщэмрэ къыщеха уэсущIэмрэ электроныгъэ къэзыр подстанци 10-м нэблагъэ къызэтригъэувыIащ. ЭлектрокIапсэхэр зэрызэпиудам къыхэкIыу, щIыхь минитIым щIигъу уэздыгъэншэу къэнащ.**

УРЫСЕЙМЧС-м и щIынатlэ центрым къызэритамкIэ, электрокъарур зэфIагъэувэжащ икIи жылагъуэхэм я нэхъыбэм яIыэлъэсыжащ. Дуненем и щIытIыкIэ зэрекIуам кIыхьыIыхь ищIами, зэгъэпэщыжыныгъэ гъжьыгъэхэр и кIэм нагъэсащ.

### Сом мелуани 3

***Зи школ кIуэгъуэ мыхьуа сабийхэр зэкIуалIэ Iэнатlэхэр зэрыщащIэм пыща гугъуехьхэр къэралым и щIынальэ куэдым щызыщащI. Абыхэм ящыщыр Адыгеири, «Егъэджэныгъэм 2011 - 2015 гъэхэм зегъэужьыным и Iуэхуи1э» программэм ишкъ иткIэ, а гугъуехьхэр зэфIэхьыным федеральнэ бюджетым мыпхуу хуэхьу.**

САБИЙ Iуэхущlапlэхэр егъэфIэкIуэныкIи, абыхэм кьахэрэгъэхьэным республикэм хухиха мыпхум федеральнэ бюджетым сом мелуани 3 кьыхилъхьащ. Ахьшэр нэхъыбэу трагъэкIуэдэнущ Iуэхущlапlэшlэхэр я чэзуэм ятыным, сабий садхэр унэтlащIэхэмкIэ, спорт, зэрыджэгу, нэгъуэщI техникэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным.

### Мэзкуу щытопсэтъыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» (КИК) ОАО-м и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэ Билал Алиевыдрэ «Архызы» курортым и уэхуныгъэхэр зэрекIуам Мэзкуу щытепсэтъыхьащ.***

КЪЫЗЫТЕУВЫIЭНЭ зэгурыIуэныгъэр яубзыхуэн папщIэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и IэщlагъэлIкIэр, уэхуэныгъэм егъэбыдыIпIа федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лыкIуэхэр зыхэт гуп тхьэмахуэ дызыхуэгъэкIуэм КъШР-м щызэхуэсынущ.

### Комиссэм къыхех

***Черкесск и тхьэмадэ къулыкъуэр жэпуэгъуэм и кIэм хуит хьуащ икIи абы пэрыувну хуейхэм я зэпеуэ ирагъэкIуэкIыну къыхахытхьащ.***

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, а къулыкъум пэрыта Коротченкэ Петр нэгъуэщI Iэнатlэ зэрыкIуэм къыхэкIыу, Iукlыжащ. Кьалэ мэрым и кьалэнхэр егъэзащIэ жэпуэгъуэм и 24-рэ пщIондэ КъШР-м и Правительствэм и унафэщIым и япэ къуэдзэу щыта Тамбиев Руслан.

Къулыкъум пэрыувэну гукъыдэж зиIэхэм я лъэIу тхыльхэр щэкIуэгъуэм и 27 пщIондэ къыщахьащ. ИужькIэ, зэпеуэм и комиссэр хэпльнурэ, текIуам и щIэр дыгъэгъазэм и 1-м кьраугъэщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

●Iуащхьэмахуэ куей

## Зызыгъэпсэхуну къакIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

**Iуащхьэмахуэ куейм терроризмым пэщIэтыным теухуа хабзэр зэрыщымыIэжьым, Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщыщызыгъэпсэхуну хуейхэр щыпIэм пэрыуэнэжу кIуэ зэрыхьужам кьыхэкIыу районым и хабзэхьумэ, къарузехьэ Iэнатlэхэм, администрацэхэм я лIыкIуэхэр щыпIэм лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм ящыщхэм я Iущlащ.**

ТУРИСТХЭМ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщIэ зэфIагъэкIын хуейкъым теухуа Iуэхур нэхъапэми къыдэтащ.

Мы гъэм и гъэмахуэм хьэрычэтащIэхэмрэ куейм и къарузехьэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэмрэ щызэIущlам зэфIагъэкIын хуей кьалэн зыбжанэ яубзыхуащ. Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ хьэщIэщхэр зейхэм ягъэхьэзырын хуеящ унейуэ щыт хьумакIуэ Iэнатlэхэр кьызэрыгашlэлIэну Iэмалхэр, зэхуэ ОВД-м зэрыдэлэжьну хабзэхэр.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым и унафэщIым и къуэдзэ Джаппуев Залым кьыхигъэщхьэхуакIащ хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэ псоми апхуэдэ Iуэхущlапlэхэр кьыхэзрыхахар икIи мы зэманым ахэр зэрызэдзэкIэну щыкIэр зэрафызыхуар. Абы апхуэдизу кьыхигъэбелджылакIащ Чегет, Азау щIыпIэхэм видеокамерэхэр зэрэщащагъэуващ, апхуэдизу Iэмэпсымэхэмкlэ хьэщIэщ псорэ кьызэрызэрагъэпэщащ: «Иджы апхуэдизкъэ камерэхэр ауэзым и кIыхьагъкIэ щыгъэувыным IэщlагъэлIэхэр ешэлIэным хуэгъэза лэжьыгъэ зэфIэдгъэкIыну кьытпэщытщ».

КъБР-мкIэ МВД-м и Iэтащхьэм и къуэдзэ Залихановэ Къаншобий жиIащ Iуащхьэмахуэ куейм щытыкIэр иджыри зэрыщымытынущыр, абы кьыхэкIыуи экзыгъэпсэхуэм я щынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным къаруушхуэ ехьэлIэн зэрыхуейр. «Фэ фи кьалэнщ, - захуигъэзащ щхьэрычэтыщIэхэм Залихановэ Къаншобий, - туристхэр зэщIэгъэуIуэуэ къэфщэныр кьызэвгъэпэщыну. Ахэр кьызэрыкIыну транспорт лIэужьыгъуэхэр, кьэзышэну шоферхэр фубзыкIуи, апхуэдизу диспетчер Iэнатlэ кьызэвгъэпэщын хуейщ». Абы щIигъужащ зэман гъунэгъу дыдэм Терскол поселкэм полицэм и пункт, Эльбрус къуажэм полицэм и Iуэхущlапlэ кьыщызэрызэIуахынур.

Iуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Мавлаков Аслъэн кьыхигъэбелджылыкIащ щэкIуэгъуэм и 20-м ирихьэлIэу Азау джI кIапсэ гъэгу кьагъэуам и етIуанэ Iыхьэр зэрызэрагъэпэщыкIынур. Апхуэдэ щыкIэкIэ ар нэсу зэфIагъэувэжынущ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и адрей кIапсэ гъэугъэр тэмэму мэлажьэ икIи бгы-лыжь лъэхъэнэм хуэхьэзырщ. КIапсэ гъэугъэм я кьегъэлакIуэ, медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину псомкIи кьызэгъэпэщащ.

«Сармат» хъумакIуэ Iуащхьэмахуэ и унафэщI Мельянов Борис кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ езыр зи пашэ гупыр Iуащхьэмахуэ лъапэ зэрыщIалъхьэну щыкIэм. Абы и псальэм тепщIыхьмэ, Терскол къуажэм зы дежурнэ частрэ зы полицэ Iуэхущlапlэрэ кьыщызэIуахын хуейщ. Азау кьыщыщIэдзауэ Байдаевэ Къазбек зыцIэ дэлъ гъэугъэр яхьумэн папщIэ. Эльбрус къуажэм щагъэувыну нэгъуэщI Iуэхущlапlэр Тегенекли, Эльбрус жылагъуэм, апхуэдизу Адыл-Су ауэзым кIэлъыплъыфынущ.

Зэ Iущ Iэм и кIэлъым кьулыкъуущIэхэм кьалэн пыухыкIахэр я пщэ иралъхьащ.

**ТАРИМ Алисэ.**

## Щхьэусыгъуэ дахэ

**ЩэкIуэгъуэм и 10-м УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр хэтащ Урысейм и щIалэгъуалэм и щIэныгъэм зэрыпхигъэкIыжьыным СКФО-м щиIэ къудамэмрэ полномочнэ лыкIуэм и Iуэхущlапlэм и экономикэ Iэнатlэмрэ. Абыхэм ящыщ ящыщ ирагъэкIуэкIа Iуэхухэм я Iуэхущlапlэ Ставропольмрэ округым и щIалэгъуалэ активымрэ я щIалэгъуалэ зэрыщыIэм и дежи щIыпIэ самоуправленэм пыща Iуэхуэмкlэ щIыпlэ советым мыгувэу иригъэкIуэжыну зэIущIэм.**

Интернет-проектым и унафэщI Гороховэ Еленэ и гугъу ищIащ округым и Интернет ресурсхэмрэ властым и органхэмрэ зэрызэдзэкIэжыну щIыкIэм. Апхуэдэ зэдзэкIэжьэныгъэр сэбэпышхуэ хьунут. Хлопонин Александр а жэрдэмыр диIыгъащ.

Зэ Iущ Iэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ мэкъумэщ хозяйствэм, щIалэгъуалэ туризмым я Iэнатlэхэм кьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зыщегъэужьыным хуэгъэза проектхэм.

**ЦЕКЪУ ПIатI.**

## Щалэгъуалэм законхэр гъэхьэзырыным зэрелэжьыр зэхуаIуатэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэ и Iуэхухэмкlэ и министерствэм и дзэпкъыныгъэкIэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и деж щыIэ Жыларыу щIалэгъуалэ палатэм (ЩIалэгъуалэ парламентым) и зи чэзу зэIущIэр Налшык къэгъэлэжьыгъэ щэкIуэгъуэм и 12 - 15-кIэм.**

МЫ ЗЭIУЩIЭМ кхрихьэлIэнущ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и кьуэдзэ Журовэ Светланэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар, Къэрал Думэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Таракановэ Полинэ, федеральнэ министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я лIыкIуэхэр.

Парламентар ныбжьыщIэхэр федеральнэ законкэм я проектэ 7-м хэпльнэу, апхуэдэу Къэрал Думэм и етхуанэ зэхуэсэсыгъуэм хиубыдэу ЩIалэгъуалэ парламентым щIалэгъуалэ я къэралым и къудамэ зыбжанэ кьриубыдэу законкэр гъэхьэзырыным и лъэныкъуэкIэ щIыналъэ, муниципальнэ щIалэгъуалэ парламентхэм зэфIагъэкIахэр. Абы ипкъ иткIэ зэхалъхьэнущ Урысей Федерацэм и адрей субъектхэмэ парламентар ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэр кьыщызэрэгъэпэщыным кIэ чэнджэщэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщагъэуэта шахтэ тельыджэм теухуа япэ хьыбархэр ИТАР-ТАСС-м зэбригъэхауэ щытащ. Нэмыщэ зэрыпхьуакIуэхэм 1942 гъэм абдеж трашIауэ щыта дамыгъэхэрщ ар къьхутэныкIэ щIэгъэкъуэн хьуар. Зи гугъу тщIы кумбышхуэр и гъунэгъу Ахохне епископ жылагъуэр зэрэщIа щIыпIэм киммерий лъэпкъым кьыщигъэна кхьащхьэм. Мы хьыбарыр дуней псом щызэлъащIысащ. Абы теуха нэтынхэр телевизионнэ канал зыбжанэм ягъэхьэзыращ. Рен ТВ-м и закъуэ мы Iуэхум натIну тIу тринухащ. «Цунейм и щэхуэхэр» фIэщыгъэщIэр нIэу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ кьыщагъэутэхэм, нэгъуэщI къэхутэныгъэхэм теухуауи литераторхэу Котляровэ Мариерэ Викторрэ иджыблагъэ кьыдагъэкIа тхылъыр. «Ключи от тайн мира мертвых» фIащащ абы.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуршхэм Гитлер и зауэлIэм сыт кьыщылъхьуар?» - упщIэр и лъабжьэщ а лэжьыгъэм. Зэ тIысыгъуэм укъоджэ а тхылъ щыкIуэм. Ихуа тхылъэкIи и тепльэкIи ар купщафIэщ. Кавказ Ищхъэрэм щыцIэрыIуэ лъахэхутэ-къэхутакIуэхэм гъэщIэгъуэну зэхагъэуващ тхылъыр, тхыдэ IуэхугъуэхэмкIэ, хьыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ, езыхэр фIыуэ зыщыгъуэзэу щIэсыпIэ зэрихьэхэмкIэ щIэджыкIакIуэхэм я кущIэну.

Тхыгъэхэр сурэт гъэщIэгъуэнхэмкIэ щIигъэбыдащ. Абы ит тепльэгъуэ 30-м щIигъэм науэу уи нэгу кьыщIагъэхьэ зи гугъу тщIа шахтэ-щIыпIэр.

Гъэмахуэм и пэм Мариерэ Викторрэ кьыдагъэкIат ди республикэм кьыщыхьуа Iуэху гъэщIэгъуэну, кьыдыхэкIар кьыпхуэмыхутэ тельыджэу 100 щызэхуэхьэса «Таинственная Кабардино-Балкария» тхылъыр. Ар яфIэхьэлэмэтат цIыху куэдым. Абы зыкIи кьыкIэрыхурккым иджы дунейм кьытехьар. Апхуэдэу щыхьукIэ, Котляров зэщхьэгъусэхэм я кьхэутэныгъэхэм кьыпащэ.

**ЛОТИЕВ К.,**
*биологие щIэныгъэхэм я кандидат.*



● ТхылъыщIэ

## Телъыджэхэм я щэхур

гъэм хэщIыкым. Демонстрацэхэр щекIуэкIащ Хомсэр Хьэмрэ, Идлиб, Абу-Кемал кьалэхэм, Хауран куейм, Дамаскрэ Алеппорэ я Iэгъуэблагъэхэм. «Аль-Хаят» газетым зэритхамкIэ, щыкIэм зэIэтахэм «щынэр яфIэкIуэдащи», хэкIуадэхэми я бжыгъэм хохьэу.

Берзи (Дамаск пэгъунэгъущ) курдхэм зыкъыщIэтри, хабзэхьумэхэм я къарур кьыщагъэсэбэпын хуей хьащ. ЗауэлIхэм ящыщ кущIэ щIэпхъэжэгъ, зыкьэзыIэтахэм ягуохьэ.

**Нэгъуэщ хэкIыпIэ ямыIэжмэ...**

**Ираным и ядернэ Iуэхущlапlэхэм Iэщэкlэ щеушэрыгъуэщ хэкIыпIэ щагъэжьым и дежи, Ар дыцIуасэ екIуэкIа пресс-конференцым щыжиIащ США-м зыхьумэжыныгъкIэ и министр Панеттэ Леон, Израильмрэ Америкэм и Щтат Зэгуэтхэмрэ Ираным теушу загъэхьэзыру газетхэм зэратхым щытепсэлъыхьыну.**

Панеттэ деIыгъ абы и пэ США-м зыхьумэжыныгъэмкIэ и министру щыта Гейтс Робертрэ адмирал Маллен Майклрэ я Iуэху епIлыкIэр: «Ираным зауэ епщIыкIэныр кьайтэщхуэ къызэрыкIыфыну хэкIыпIэщ, абы КъэжьКIыпIэ Гъунэгъу псор США-м бий кьыхуищIынущ. Аращ фIыуэ уемыгупсысауэ а зауэм щIэбдзэ щIэмыхьэнур», - жеIэ абы.

Ираным и ядернэ Iуэхущlапlэхэм бомбэкIэ еуэми, абы и ядерэ программэр гъэзэщIэныр ильэси 2-кIэ, нэхьыбэ дыдэу ильэси 3-кIэ яхуэзэтIыгъэну аращ. Псори зэуэ зэрэхъумыкьуэтэнум къыхэкIыу, Тегеран пIалъэ кIэщIым зыкьыжьыжьынущ икIи нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ атом бомбэр щIыным елэжьынущ.

**Мы махуэхэм**

**ЩэкIуэгъуэм и 12, щэбэт**

**♦Азербайджан Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

**♦Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

**♦Урысейм и Сбербанкым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦Илъэси 110-рэ и пэ кьагъэлъэгъуащ физикэмрэ химиемкIэ я пэу Нобель и саугъэтхэр зрата щIэныгъэлIхэм я щIэ-унэщIэр. Ар Рентген Вильгельмрэ Вантгоффэ Якобрэщ.

♦ЩэкIуэгъуэм и 12 - 13-кIэм Гонолулу (Гавайи) щызэхэтынущ Азие - Хы Щэху зэдзэлэжьныгъэм (АТЭС) хэтхэ къэралхэм я унафэщIхэмрэ я премьер-министрхэмрэ я 23-нэ зэIущIэ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритамкIэ, нобэ Налшык уэс кьыщесынущ. ЩIыпIэу махуэм зы градус, жэщым градуси 2 щыIэнущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 13, гъэмахуэ**

♦1931 гъэм США-м щыпсэу урыс Зворыкин Владимир яIэ кинескоп кьызэригупсысамкIэ патентым щIэлъIуэу тхылъхэр щIилъхьащ. Ар япэ телевизорым и электроннэ трубкэу кьалытэ.

♦Осетие Ищхъэрэм президент щыхах икIи урысыбзэм иIэну кьэрал статусым теуху референдум щокIуэкI.

♦1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым унафэ кьыщащтащ 115-нэ шу дивизэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритамкIэ, Налшык уэс кьыщесынущ, щIыпIэу махуэм градусыр 2, жэщым градуси 7 щыIэнущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 14, блыщхьэ**

**♦Социологиэм и махуэщ**

♦ЩэкIуэгъуэм и 14-дыгъэгъэзэм и 2-эм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ Экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ хуитныгъэхэмкIэ комитетым и 47-нэ сессие.

♦ЩэкIуэгъуэм и 14 - 15-кIэм Париж (Франджы) щекIуэкIынущ ЮНЕСКО-м и гъэзэщIакIуэ советым и 188-нэ сессие.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритамкIэ, Налшык уэфIу щыпIэщ. Махуэм хуабэу 1 градус, жэщым щIыIэу градуси 5 щыIэнущ.

*ПIалэнэр зыхьэхьэзырар* **ГЪУЩIО Зарифи.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Уи къаурр пхуримыкъуэ, уи акъылыр гъэлажьэ.**

## Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

ГУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралажьэм е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыкIалэ хуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыIэ

**8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэм.



Ди индексыр 51531

**«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ**

***Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!***

**2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ соми 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почтэ Iуэхущlапlэ псоми.**

● КъБР-м и Парламентым

# Нехьэкl-къехьэкl хэмылъу

**Хабзэ зэрыхъуащи, республикэм и Парламентым куэдрэ щIалэгъуалэр щрагъэблагъэ. Иджы хабзэгъэув органым и хьэщIалэм аспиранткэмрэ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэ хэмрэ.**

КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Чеченов Ануар зэIущIэр кьыщцэзIуихым кьыз эуэсаэр кьыхуриджащ нехьэкlкъехьэкl хэмылъу, дзыхь зэхуащу зэпсэлъыну. «Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щIалэгъуалэр зыхуей-зыхуэфIэкъ гуныIыгъэшхуэ дыдэ щыхуащI. Сэ сл щхьэкlэ щIалэгъуалэ зэгугъэныбжьэкъэм сыт и лъэныкъуэкlи защIэзгъэкъуэнущ», - кьыхигъэщхьэхуэкlи спикерым. Абы жиIащ щIалэгъуалэм кьабгъэдэкl сыт хуэдэ жэрдэмыфIри республикэм и Парламентым зэрыщIадальигъынур.

Чеченов Ануар щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щыгъуазэ нщIащ республикэм и социально-экономикэ гъащIэм щIэуэ кьыхьхьэ Iуэхуэхэм. Абы гу лъаригъэтащ гъэтIылъыпIэ имыIэу зэфIагъэкIын хуей кьалэнхэмри. Мыгувэу республикэм и зыужьынымгъэмкIэ жэуапIныгъэр зи пщэ дэхэуэну щIэблэм щIащхьэм драгъэкIуэкI кIаемкIэ. Аргуэру хьэкъ сщыхуэщи ди щIалэгъуалэр зэрыкакъыпIэр, кууэ зэрыгупсысэфыр», - кьыхигъэщхьэхуkIащ Чеченов Ануар.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапl э.***

● ДифI догъэзыапIэ

# Гу къуэпскIэ щIым улыщIамэ

**Бжьыхьэкlэ мазэт. Губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрызэфIэкIам сытетхыхьэн мурадкlэ, щIэздзыжьым сыхьэти 8-м сынэсу сыкIуат Мэкъумэш хозяйствомкIэ министерствэм. А Iуэхущапlэм и тхьэмадэ Къущхьэ Амырхъан и пшыбжэр ныкьыуIухт, щIыуз зыбжанэ щIэст, мэкъумэш Iэнатlэмкlэ районхэм щыIэ унафэщIхэри зыруз-Iуриутlуэ абы и деж щызэхуэхьурт. «Мыбыхъэм и Iуэхуэ зэфIэкIыхукlэ сежьэмэ кIыхьлIыхь сыхьунущ», жыIэри нэкlуэпакlуэу сыщIыхьэри, сызытекIухьар есIуэтылIащ. «Нобэ совещанэ сиIэщ, хъунумэ, щIздджыжь сыхьэтиблым дыгъэзIэнхъу», - зыкьыхсчигъэзащ Амырхъан. Ди автобусхэр апхуэдэу жьыуэ зэремыжьэр, блы дыдэм сынэмысыфынкlэ зэрыхъунур щIыгурызгъаIуэм, кьалэм си хэщIапIэр зыхуэзэр зригъащIэри, «къуажэм сыкъыщикlкlэ сыныIухьэнщи, укъызIэсшэнщ» жиIащ. Мыдрежим щэч кьытесхьат абы и псалъэм - дауэministрыр жриналист кьызэригуэкIым и уиз Iухьэ ухьзыгъэIуиныпур? Арцихьэкlэ щIздджыжьым сыхьэти 7-м и ныкъуэм си балкон дыдбжьэм деж кьыщцывыIащ Амырхъан и «Уазикыр». Рулым дэсри сызрат…

Къущхьэ Амырхъан

ДЭТХЭНЭ зы цIыху балигъыми, ар иренэхъыжь, курыт ныбжьыми итуи дрырет, зэпIьэкIыжмэ, Iэфlу щIгу кьигъэкIыжьи и мащIэкъым. Тхыдэ къуелей зи бащэ Аушыджэжьыжьым кьыщIалъхуэ Къущхьэ Амырхъани, дауи, и нэгум кьыщIоувэж и сабиигъуэр, и ныбжьэгъу-жэрэгъуу щытагхэр, япэу школ бжэщхьэIум щебэкъуар, абы щыгъуэ дэрэжэгъэшхуэ зэригъэтар. ЩIалэ цIыкIур ильэситхуэ щрикъум и адэ-анэм якIэрыхьыжьащ «школым сыв-гакIуэ» жери. ЩакIэрымыкIым, и пIэсихым щIагъэтIысхьащ.

Кьыдалъхуауэ зы щыпхъу закъуэт Амырхъан иIэри, унагъуэ Iуэху нэхъ гугъуэхэ абы и пщэ кьыдэхуэрт. Ауэ щIалэ цIыкIум а псор кьытехьэльэртэкъым, Iэ жанлъэ жану псорэ зэфIигъэкIырт - пщэдджьжь нэмэзым Iэщ дзэгъэхьэжьыри, пхъэ кьутэри, хадэм щыIэбэнри. Класс нэхьыжьыIуэхэм щыщIэсхэ лъэхъэнэм, гъэмахуэм кьаутIыщца жьэ, Амырхъан зэи Iэхунщэу дэстэкIым - кьуажэ губгъуэм щылажьрт. Уеблэмэ, зы гъэ Ставрополь щIынальэм и ныбжьэгъу гуныым ящIыгъуэ кIри, мазищкlэ гугъу зригъэхьащ, еджапIэм зрыкIуэжьиу щыгъынкар кьызыщIэкIынкlэ пщIэнтIэпсхьэлткlэ зригъэпэщыпI папщIэ.

11-нэ классыр кьызэринэкIа нэужь, 1964 гъэм Къущхьэ щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым инженерхэр щахъэхьэзыр и факультетым. А илъэс дыдэм дзэм дашри, илъэсищкlэ и кулыкъур ирихьэкIащ. Кьигъэзэжри еджэным пищжащ.

ЩIэныгъэ ищхьэ зыгъуэта, техникэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэIэкIуэлъакIуэ щIалэщIэр Бахьсэн дэт «Лимм» заводым конструктору кьащтащ. Абы ильэситIнэхь щымыIауэ, Налшык мащIэкъым. Ар гуапэ щIэлъ зыгъэгъэкI Iуэхуэм. «Дэтхэнэ-ми езым и гъащIэр купщIафIэу икIи гъэщIэгъуэну зэтриуухуэфынущ. Ауэ псори и гъащIэр зэрыщIэщIыну», - кьыхигъэщащ Чеченов Ануар.

Къэгъэльэгъуэапхъэщ зэIущIэр ипэжьыпIэкIэ гъэщIэгъуэн зэрыхъуар - абы хэта дэтхэнэми Iэмал иIащ Чеченов Ануар упщIэкIэ зыхунгъэзэну. Ахэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым теухуат: лэжьапIэ увыныжькIэ ныбжьыщIэхэм зэрыдзэIэпыкъунум, щIэблэм и зыгъэпсэхугъэ зэманыр нэгузыужьу кьызэрэпэщыщым, Кавказым и пщIэр кьызэрагъэтыну щIыкIэм, щIэблэщIэр патриотизмым щIэпIыкIыным.

Парламентым и Унафэщым щхьэ течу жэуап иритащ кьызэхуэсаэр зыщIэупщIа псомри. ЗэIущIэм хэтаэм ар хуабжьу ягу ирихьащ. Чеченов Ануар кьыхигъэщхьэхуkIащ ныбжьыщIэ хэм кьыхаатхьа Iуэху купщIафIэ псори зэрызэхатхьэжьнур. Ахэр я лъабжьэу спикерым кьалэн щхьэхуэхэр я пщэ дилъэхьнущ зыхуэфащэ комитетхэм я унафэщIхэм.

«Сэ сыарэзыщI ди зэIущIэр зэрекIуэкIамкIэ. Аргуэру хьэкъ сщыхуэщи ди щIалэгъуалэр зэрыакъыпIэр, кууэ зэрыгупсысэфыр», - кьыхигъэщхьэхуkIащ Чеченов Ануар.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапl э.***

# Сабийхэм я гуапэ ящI

**«ГъэщIагъэунщ, ауэ дунейм кьызэрытехьэрэ тхьэмахуэ бжьыгэ фIэкIа мыхьуа сабийм и нэмкIэ кьэпщIэфынущ абы анэ иIэрэ имыIэрэ. Зеинщэхэм нэгуэущу уаIуоплъэ, ахэр нэщхьейщ. Уоплъри, уи гур кьоуэзыкI, сызэригуГэмкIэ, абы зэи уесэнукъым», - яжриIащ Сабий унэм и директор Гусаловэ Ларисэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщI Махуэ Владимиррэ профкомым и тхьэмадэ Шыгъушэ Зауррэ. А махуэм ахэр я Iуэхущапlэм яхуеблагъат депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ я мылъкуkIэ кьащэхуа сабий шхынхэр хуащэжри.**

КУЭД ЩIАКЪЫМ мы Iуэхущапlэр унэщIэ зэрыIэпхъэрэ, щэч хэмылъыр, я псэукlэр куэдкlэ ефIэкIуащ, сабийхэр я тепIэкIи я ныбэкlи зыри хуагъэныкъуэркъым, лэжьакIуэхэм ахэр фIыуэ ялъагъу, ауэ а псори пэкIуэрыкъым унагъуэм щагъэтIыну хуабагъэм. Мы Iуэхущапlэм сабийхэр щыIэщ щыщIадзэуэ илъэсиплI ныбжьым нэсыху, а зэманым кьриубыдэу ахэр яплиу кьамыщтэмэ, унагъуэм кьыщцыхьуну абыхэм яIэ Iэмалыр иужькIэ куэдкIэ нэхъ мащIэ мэхъу.

Сабий кьэхьыу яплину цIыхур кьыхуебджэныр е тебгъэгуэшуэныр тэмэм дыдэу кьыщIэкIынукъым. ЦIыхум и гущIэр псом зэзыгъэхъуэж, жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхум псори щыIэпишэну езыр хуэкIуэн хуейщ апхуэдэ мурад зиIэр. Апхуэдэу щытми, нэхъ гъунэгъу дыдэу гъащIэм щаIэ анэмрэ адэмрэ я щIыбэ зыхуагъэза сабийм дэIепыкъунр псапэщ икIи дэтхэнэ зыри а Iуэху щхьэпэм кьыхуеджапхъэщ. Дунейм щыIэрахьэ дэтхэнэ зы дин лIэужьыгъуэми цIыхуэр хуеущий ябгъэдэлъ фIыгъуэмкIэ тхьэмыщIкIэм, зыхуэзфIэмыкIым дэIепыкъуну. Ябыныкъуэхэм кьащцыхуэу кьыщIэкIынщ нэгуэущым зэрыдзэгуэшын кьулеягъышхуэ ябгъэдэмыIуэу, ауэ ар зыхуэзфIэкIынур мылъку нэхъыщхьэу гуапагъэмрэ гущIэгъумрэ зиIэхэрщ. Нэщхьеягъуэ кьыщIыщIих сабиинэхэр зыльагъуэхэм ящыщ гъэрхэм зэуэ я напIэр ирадзыхри, абыхэм я щIыб кьыхуагъаз-эз икIи а яльэгъуар нэхъ псынщIэу зэрызыщагъэгъупщэным хущIокIуэ. ЯхуэзфIэкI абыхэм хуащIэ, абыхэм я гъащIэр зэрызыкlэ щагъэнсынщIэну хэтщ зэ нэхъ мыхъуми. Ар гуапэщ.

**УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.**

● Зэ1ущIэхэр

# ХэкIыпIэхэр къалъыхъуэ

**ЩIэкIуэгъуэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм щекIуэкIащ щIыпIэм щыщыIэ лъэпощхьэпохэр зэфIэхыныкIэ щыхубгъэ щIыпIэ самоуправленэм и Iэнатlэхэмрэ зэрыздалажьэ Iэмалхэм теухуа семинар-тренинг. Абы хэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан, Шэрдэн ядэлэжьэныкIэ центрым и унафэщI Чернышовэ Марина.**

СЕМИНАР-тренингыр ирагъэкIуэкIащ УФ-м и Иныжь щIыналъэм гъэтIылъыгъэхэмкIэ и центрым (ЮРРЦ) властым и органхэм ядэлэжьэныкIэ и менеджер Савва Михаил зэгугъэныгъэхэм зэгъэужьыныкIэ Iэщlагъэлl Мардарь Ириндж. Зэхыхьэм кьрихьэлIат щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, журналистхэр, Проклаадж кьалэрамрэ Шэрэдж куейм я лIыкIуэхэр.

Саввэ Михаил ЮРРЦ-м и программэм и мыхьэнэм, ар нэхъыщхьэу зыкъуэгъэзащ кIэщIу кьытеувыIащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, ар илъэсищэ ныкъуэкIэ Кавказ Индум зэрыщIэщIэжьэнущ. Программэр зытеухуар цIыхум и Iуэху епIыкIэхэр хъунэныр, ягъэкIуэтэнырщ. И мурадыр социальнэ Iуэхуэхэр егъэфIэкIуэнырщ.

ЮРРЦ-м иджыблагъэ иригъэкIуэкIа «Сэ мы Iуэхум гуитIцхьитIу сыхущIыкъым» зэхьэзэхуэм хэтахэр ягъэпэжащ. ТекIуэныгъэр зыIэрыхьа Честиков Павел щIыхь тхьилъ-рэ ахъшэ саугъэтрэ хуагъэфэщащ.

Семинарым кьекIуэIахэм цIыхубзмрэ властымрэ яку кьыдэхьэу зэгурымIуэныгъэхэр кьызыхэкIыр зэпкъраха щ. ЦIыхур властым зэрыхуэмыарэзыуэ Iуэхуэгъуэ зыбжанэ кьыхагъэбелджылыкIащ. Абыхэм ящыщщ кьыкъущIэхэм языныкъуэ цIыхухэм гулыIэгъэ зэрыхуамыщIыр, Iулъхьэ кьызэрыIахыр, къамылэжьа куэд зэрызэралъэфалIэр, нэгъэущIхэри. АплъэкIуэну, кьыхагъэщхьэхуkIащ власткIэ цIыхумкIэ зэрымыарэзыкIэ. Кьапщтэмэ, цIыхубэм властым дзыхь хуищIкъым, сыт хуэдэ Iуэхуми шэч кьытрехьэ, законхэр я гъэзащIэрэ кьыхьмэ.

ЗэгурымыIуэныгъэхэр пщынкъуэ егъэзыныкIэ зэкIыпIэхэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

ЦIыпIэ зэгухэзныгъэхэм я гъэхуэгъэныгъэ иригъэкIуэкIащ Мардарь Ириндж. Абы щыIэпалъытащ Интернетым, газетхэм, журналхэм я фIагъымрэ нэкIыдэныгъэмрэ, ахэр къэбгъэсэбэп зэрыхъуну щIыкIэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Баскетбол

Министрым къыбгъэдэкIа саугъэт

# Текlуахэр ягъэпажэ

**Баскетболымкlэ пашэныгъэр къэхъыныкlэ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-з спорт обществэ» жылагъуэ-къэрал зэгухьанысыгъэм и щIыналъэ щыкlуагъэкlа зэхьэзэхуэм хэтащ Краснодар, Ставрополь крайхэм, Абхъаз, Осетие Ищхьэрэ-Аланиер Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я командзу 8.**

1997-1998 гъэхэм къальхуауэ Налшыкрэ Сыхъумрэ я спортсменхэм я кIэух зэIущIэр ди къалащхьэм Фурмановым и уэрамым тет спорт Iуэхущапlэм щэкIуэгъуэм и 9-м щекIуэкIащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ, «Динамо» РГО зэгухьанысгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI полицэм и полковник Васильев Сергейзэхьэзэхуэм щытекIуагъэм ехьэхуэкIащ, командэ, спортсмен нэхьыфIхэм кьалэжьа саугъэтхэр яритыжащ.

Хьэджэбэ щыкIуэжьи я зэхьэзэхуэм ялэ увыпIэр кьыщихьащ Налшык кьалэм Физкультурэмрэ спортымкlэ и комитетым и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ №2-м и командэм. ЕтIуанэри налшыкдзэхэм ялысащ. Владикавказ кьиклахэр ещанэщ.

ЩIалэхэм я дежи ДЮСШ №2-м бжьыпэр щиубыдащ. КъБР-м Сабий творчествэмкIэ и республикэ унэм и спорстменхэр етIуанэщ. Сыхъум и командэм ещанэ увыпIэр лъысащ.

Зэпеуэм гъащIэхьэхъумэ нэхъыфIыщIалъэтэщ налшыкдзэсэу Щомахуэ Залинэрэ Мешериков Антонрэ, гъэащIыкуэхэм кьыхагъэбелджылкIащ Мкртчан Риммэ (Владикавказ), Чартие Дмитрий (Сыхъум) сымэ. Центровой нэхьыфIы кьалъытащ Старокожева Алинэрэ Бити Тимуррэ (Налшык).

Зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщащIкIуэхэм щыгъуазэ дызэращIамкIэ, зэпеуэм мы гъэм япэу ягъэпапIэ Урысей Федерацэм кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэм и махуэм теухуауэ щытащ.

***Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапl э.***

# Хэкум къулыкъу хуащIэну хущIэкъурт

**XVI лIэщIыгъуэм къущыщIэдзауэ, Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэгурыIуныгъэ зэрагъэпэщыла нэужь, хабзэ хъуауэ, адыгэпщхэр щыхьэрым кIэурт, къулыкъу ящIну. А лъэхъэнэм и нэщэнэхэм ящыщ зы хъуат апхуэдэ дрэпкъ зэхущытыкIэхэр, нкIи абыхэм хуабжьу зыщагъбгъуат Къухьэпlэ Гъуанэгъуми, Европэми, Москва къэралыгъуэми. Адыгэпщхэм я щIэблэр къулыкъу ящIну ягъэкIуэрт. Мыекъопи, Дышэ Орэдыр, Тыркуи, Курджыи, Урысейи, Кьрымыи. Апхуэдэ пIэпкъ хьэлым теухуауэ щIэныгъэлIкъэхутакIуэ щIэрыIуэ Хенце Пол нтхыгъауэ щытащ: «Адыгэ хэм ткIийуэ яхэтыщ нкIи зэрахьэ я пIэпкъ нэщэнэхэр, хабзэхэр, ауэ, нтIани, абыхэм я псэр хуоIэ Хэкум къулыкъу ящIэ хуащIэну. Зауэ хэмIуэхущIэкIэм кууэ зэпIну. ЗауэлIу щытыщым епха къулыкъуэр ягъэзэщIэну».**

СЫТЫТ адыгэпщхэр хамэ щыпIэхэм къулыкъу щыщIэным щыIуэпабгъэр? Аэрат унафэ зыщIэлъыр, пIэпкъ зэхуIуитыкIыжьэм зезыгъэхъуэжьфынур, зауэхэр зэхэзыубгъэри пщыхэрат. Адыгэпщхэм я гъащIэм и къэкIуэкIыкlамрэ ябгъэдэлъа зэфIэкIымрэ уеплъмэ, жыIэ Хенце Борис новгород къаламэ зэпщIу зэрыкIуащ. Абы и унафэм щIэт зауэлIхэр япщIэтащ шведхэм. 1591 гъэм и гъатхэм ар хъуащ Iулъэ щыIэ пащтыкъ полкым и унафэщI икIи къурымыдзэр Москва къыщIбгъэрыкIуа пIэхъэнэм зауэ зэфIэкI гъагъэхэр кьыIныкъуэщ. Апхуэдэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Борис кьыхуагъэфэщауэ щытащ къэралым и дыщэ дамыгъэрэ «боярин» цIэмрэ. Черкасский Борис дзэпщ IэкlуэлъакIуэ зэрыщытам и щыхьэтщ абы теухуауэ инджыIыз тхьидзэк Флетчер «Урысей Къэралым т еухуауэ» и тхьилъым щитх псалъэхэр: «Урысейм зауэ кьыщыхъу хъумэ, пащтыхьым и дзэхэм пашэ, генерал яхуэхъуфыну щыIэкlэ 4 хьууэ гуГу ехьащ. Черкасскэм и щхьэгъусэмрэ ипхъуэмрэ и гъусэу Белозеро щыпIэм яхуащ, абыи щыIащ. Иван и анэ дэлъхуэхэр щIыгъуу Вяткэ, иужькlэ Новгород Ищхъэрэм ягъэкIуащ. Москва кьыгъэзэжьну 1602 гъэм яр хуит ящащ, арщхьэкlэ Останкинк щыIэ и адэжь лъапсэм кьыщIыуВыIащ, и адэр зыIущIэкIуэда Годуновым кьулыкъу хуищIэну игу темыхуэу.

Абы щыгъуэ Урысейм щыщIдзаш «Смутэ» зэрыжиIэм и пхъэхьэнэ. 1605 гъэм Годуновыр зэуэзэпсэу ящащ икIи Лжедмитрий Еэанэр, иужькlэ Лжедмитрий ЕтIуанэр хущIэкъуахэщ къэрал унафэр зыIыщIалъхьэну, арщхьэкlэ хьилэшыхьэм я мурадхэр кьаIэкъуIалъкъым. А пхъэхъэнэм 1612 гъэми Урысейр биИхэм ящыщыхьумахэм яхэтащ Черкасский Ивани, и адэшхуэ Къамболэт и кьуэш Темрыкъуэ и кьуэрыпхъу Дмитрий и гъуэгу. Романов Михаил 1613 гъэм пащтыхьыгъуэр иубыда нэужь, зэшхэр боярин ищIауэ щытащ.

Лыпгъэ хуэд зэрихьащ Черкасский Иван. 1618 гъэм Польшэм и пащтыхьыкIуэ Владислав Москва къебгъэрыкIуэу щыхуежьам, ар яхэтащ щыхьэрыр биИм щызыхъуэжьрэ. Иужькlэ Иван щызэуащ Урысейм и гъунапкъэхэм. Ильинкъ гъэ инхэ ухуэ полякхэм зэрапэщIэтам кьыхэкIыу, Черкасскэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ къэралым и дыщэ дамыгъэ нэхьыщхьэу тIу.

КьыжьэлыкIуэ илъэсхэм Иван къэрал кьулыкъу зыбжанэм пэрытащ. Ар щытащ Казённый Дворым, Казна Иван я унафэщIу, уэзыншагъэр хъумэным, хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэм епха къэрал Iэнатlэхэм я пашэу. 1633 гъэм, пащтыхь Романов Михаил и адэ Фёдор (Филарет патриар хьр) лIа нэужь, адыгэшхэлъэу боярин Черкасский Иван Урысей къэралым и Правит ельствэм и УнафэщIу ягъэуващ икIи дунейм екIыжьыху я кьулыкъу гъагъэ зэрихьащ.

Къыдэм кьыхэзыхьыжьмкIэ, Черкасскэр апхуэдэуи щытащ мылъкушхуэ, щIышхуэ, пщыIэ куэд зиIэ феодалу. Хамэ къэралхэм я лIыкIуэхэр Кремлым кьыщрагъэблагъэ махуэшхуэм деж абы утыкум кьыригъэувэфырт екIуу Iуэху 50, я зыныкъуэхэм деж щыкIуи 100. Апхуэдэ зыхуэпэкIыу къэралым зыри истэкъым.

Махуэшхуэкэр щагъэпытапIэкIэ, пащтыхьым Мономах и пащтыхьэ щыхьэзыбгIэгъэну пщэрыль зыхуащIыр къэралым пщIэшхуэ щызиIэ цIыхушхуэхэр. Мызэ-мытIуэ я Iуэхугъэшхуэр дзыхь кьыхуащIауэ щытащ Черкасскэм. Дэфтэрхэм кьызэрагъэтэмкIэ, апхуэдэ дзыхь лъагэр абы кьыщIыхуащIыр Урысейм и пащтыхь Романов Михаилрэ къэралым и Правительствэм и Унафэщl Черкасский Иванрэ зы анэ кьиплъыхьа зэдзэпхъуэ зэпIпхъуэм я бину зэрыщытыгъэ.

аратэкъым, атIэ апхуэдэ къэрал кьулыкъущIэ Iущ, щIэныгъэшхуэрэ зэфIэкI инрэ зиIэ а лъэхэнэм къэралым зэримысарэр.

Черкасскэм унагъуэ иIащ. Абы и щхьэгъусэр адыгэ бзылъхугъэт. Ар Иван и Iыхьлыхэм Къэбэрдейм кьыхурашат. И цIэр тхьидэм кьыхэнакъым а адыгэ пщащэм, арщхьэкlэ, ар зэ нэхъ мыхьуми зыгъэгъуэкъым бзылъхугъэм и дахагъымрэ Iэдэбгъыбмрэ яхуэIуэтэщIырэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэщхьэгъусэхэм бын зэдагъуэтакъым.

Къэрал кьулыкъущIэ цIэрыIуэр, хэкум хуэпэжу зи гъащIэр езыхьэкIа Черкасский Иван 1642 гъэм и гъатхэм дунейм екIыжащ. Ар ящыщащ Урысей къэралгъуэм и зыужьныгъэм хэпхъэнныгъэ ин зэрыхъуну щIыкIэм.

**МЫЗ Ахьмэд.**

*КъБКЪУМ и тхыдэ кьудамэм и студенткэ.*

# ЕфIакIуэ, гъагъэ, ди щIыгу махуэ

## УсакIуэ, тхакIуэ Джэдгъэф Борис

УсакIуэ, тхакIуэ Джэдгъэф Борис Мухьэмэд и къуэр Лэскэн районым хыхьэ Аршыдан къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-р къиуха нэужь (1961), егъэджакIуэу, курыт школым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ. КПСС-м и Аруан райкомым и япэ секретару, «Маяк» район газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. 1997 гъэ лъандэрэ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэщ.

Япэу къыдигъэкIа тхылъыр щалъхуа къуажэм теухуа очеркт, ауэ абы хишат Джэдгъэфым и усэхэм, поэмэхэм нэхъыщхьэ дыдэу къыщыIу макъамэхэр: адэжь щIыналъэр гъэлъэпIэныр, хэкур, лъэпкъыр фIыуэ лъагъуныр, цIыхугъэмрэ дахагъэмрэ лъагэу IэтIыныр. Абы и щыхьэтщ и усэ тхылъхэр: «Псынащхьибл» (1982), «Мой язык - адыгский» (1990), «Тхыгъэхэр» (1998).

ЩIэблэм адыгэ хабзэр, нэмысыр хэлъу, анэдэлъхубзэр фIыуэ илъагъуу гъэсэн Iуэхум икъукIэ хуэщхьэпэщ Борис и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр.

Мы газет напэкIуэцIым къыщыдохь Джэдгъэф Борис и лэжьыгъэтI: «Къандыгъэ и бжьыхьитI» хъыбарыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гимным и бзыпхъэр. Къыхэгъэщыпхъэщ ди щIыналъэм и гимным композитор Къардэн Хьэсэн хуитха макъамэр илъэс 19 и пэкIэ КъБР-м и Парламентым къызэрищтар, арщхьэкIэ нобэр къыздэсым абы псалъэ зэрыщIамылъхьар. Куэдым ятхащ макъамэм щIэзгъэну къалъытэ усэхэр, нэхъыфIыр къыхэхыныкIэ зэ хьэзэхуи екIуэкIащ, ауэ зэкIэ жэуап пыухыкIа а упщIэм игъуэтакъым. Борис и лэжьыгъэм Къардэн Хьэсэн зи пашэ, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыху гупыфI (ХьэкIуащэ Андрей, IутIыж Борис, Къармокъуэ Хьэмид, Тхьэмокъуэ Барэсбий, Хьэ х Сэфарбий, Къэжэр Хьэмид, Сонэ Абдулчэрим, Мэремыкъуэ Хъусен сымэ, нэгъуэщIхэри) арэзы техъуащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Лъэпкъыпсэм и пшыналъэхэр

***Къэбэрдей литературэм и къежьапIэм щыта япэ усакIуэхэм, нэхъыжьи нэхъыщIи, пасэу къагурыIуащ лъэпкъ гъащIэм уэрэдым щигъэзащIэ къалэныр. Адыгэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хьэлэмэт хуэхъуа уэрэд цIэрыIуэ зыбжани абыхэм я IэдакъэкъыщIэкIащ, ахэр ноби лъэпкъыпсэм щагъафIэ. Иджырей языныкъуэ къэбэрдей усакIуэхэми я творчествэм уэрэдым увыпIэшхуэ щеубыд. Абыхэм ящыщ зыщ хыщI гъэхэм къэбэрдей литературэм и усыгъэхэмрэ рассказхэмрэ къыхыхьа Джэдгъэф Борис.***

ЗИ ПСАЛЪЭМРЭ зи IуэхущIафэмрэ зэщхьэщыкIыныгъэ ямыIэ, зи гупсысэ-зэхэщIыкIыр зэтеува, зи еплъыкIэ щхьэхуэ екIуэкI гъащIэми абы къыщыхъу-къыщыщIэхэми хузиIэ усакIуэр илъэс плIыщIым щIигъуауэ лъэпкъ литературэм щолажьэ, анэдэлъхубзэкIи урысыбзэкIи тхылъ гъэщIэгъуэн зыбжанэ къыдигъэкIащ. Абы хуэIэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр. КIыщокъуэ Алим зэрыжиIащи, ар «зи шы тесыкIэ зиIэж» усакIуэщ, зи тхыгъэ Iэджэ лъэпкъ тхылъеджэм фIыуэ илъэгъуащ, игу, и псэ дыхьащ. Абы и щIыIужкIи ар газетхэми щылэжьащ, республикэм и журналист пажэхэм ящыщ зыщ.

Ар гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэ куэдым топсэлъыхь, жанр зэмылIэужьыгъуэхэм иролажьэ. Джэдгъэф Борис, псом япэрауэ, усакIуэщ, лирикщ. Дэтхэнэ и зы усэри гу къабзэм къызэритэджыкIыр, псэ хьэлэлым къызэрыбгъэдэкIыр хуэбагъ ящIэлъымкIэ занщIэу хэти къыгуроIуэ, ар тхылъеджэм псэкIэ зыхещIэ. УсакIуэм игу мызагъэр гъащIэм и дэтхэнэ къэхъугъэми поджэж. Ар зыгъэпIейтейр, абы и тхыгъэхэм сытым щыгъуи зи гугъу щищIыр нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэрщ, ар шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъ гупсысэхэрщ. Абы и уэрэдхэр баштекъузэкIэ зэрымытхар, зэрымыIэрыщIыр, атIэ гу хуитым, къабзэм къызэригъэщIар къыбгурымыIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ ящIэлъ, къаIуатэ гупсысэхэм я куууагъым, пэжагъым я закъуэкъым усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм я пщIэр, мыхьэнэр зыгъэиныр. Тхэн щыщIидза япэ махуэхэм щегъэжьауэ, и къарурэ тригъэкIуадэ зэманрэ емыблэжу ар йолIалIэ дэтхэнэ и зы усэми ухуэкIэ нэгъэсарэ гупсысэкIэ наIуэрэ зэрыритыным. Арагъэнущ абыхэм псоми ритмикэ шэщIа щIащIэлъыр, жапхъэ пыухыкIа щIаIэр. Ахэр бзэ гурыIуэгъуэкIэ, шэрыуэкIэ гъэпсащ, строфикэм и Iэмал гъэщIэгъуэн зэхуэмыдэхэр, рифмэ щIэщыгъуэхэр яIэщ. Апхуэдэ гъэпсыкIэ нэсырщ лъэпкъ композиторхэм абы и усэхэм гу щIылъатари, усакIуэм дэлажьэу щIыщIадзари. Абы игъэгушхуэ щIалэри уэрэд зэхэлъхьэным зыIэпешэ, нэхъ дехьэх, абы и щэхухэр къиихутэныр къыщIехъулIэри арагъэнущ.

Тхэн зэрыщIидзэрэ Джэдгъэф Борис и Iэдакъэ уэрэд мащIэ къыщIэкIакъым, ахэр иджыкIэ щэм щIегъу. Абыхэм я нэхъыбэм ныбжьыфI яIэ пэтми, ахэр ноби фIыуэ ялъагъу, зэпадзыжу ягъэзащIэ, радиомрэ телевиденэмрэ зэпыу имыIэу къат, лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ телъыджэ хуэхъуащ.

Зыкъомым нобэ яфIэмыкъабылми, уэрэдыр щIыжаIэр, щIагъэзащIэр абы щIэлъ макъамэм едэIуэным, къыдэфэным, дэрэжэгъуэ къаритыным щхьэкIэ къудейкъым, абы лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэми гъэсэныгъэ мыхьэнэ ящIэлъын, зыгуэрым ухураджэу, щIэ, гъэщIэгъуэныгъэ къыпхузэIуахыу, къыпхуаIуатэу щытыныр Iэмал зимыIэщ, ди зэманым абы зыри емы- [illegible] ешыкъылIэу зэрыщытырщ, укъызэщIэзыIэтэ къару гуэр зэрыхэлъырщ. Зэ еплъыгъуэкIэ усакIуэм и уэрэдхэри зытриухуар куэд щIауэ адрейхэм «ягъэныщкIуа» темэхэрщ: лъахэрщ, адэ-анэрщ, къэхъу щIэблэрщ, абы и гъащIэрщ, лъагъуныгъэрщ. Ауэ а зытепсэлъыхь Iуэхухэм языхэзми езыр сытым щыгъуи щIэуэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ бгъэдохьэ, еплъыкIэ щхьэхуэ хуиIэщ, гъэщIэгъуэныгъэ гуэрхэр къызэIуех, ахэр къызэриIуатэри нэгъуэщIхэм яхыумыгъэгъуэщэн езым и псэлъэкIэщ.

ПхужыIэнукъым лъэпкъ усакIуэхэм адэжь щIыналъэм уэрэд мащIэ хузэхалъхьауэ. Жэщи махуи и гум, и псэм зэрыщигъафIэр зыхэпщIэу, Джэдгъэфым псалъэ телъыджэхэр къыхуегъуэт, хужеIэ и хэкум. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ «Дыщэ губгъуэ» усэм хэт мы сатырхэр:

**Си дыщэ губгъуэу**
**си сабиигъуэр**
**Дыщэшым тесу сэ**
**щызгъэкIуа,**
**Уэращ си дыгъэр,**
**си щIылъэ вагъуэр,**
**Уэрыншэу гъащIэ**
**сымылъыхъуа.**

**Си дыщэ губгъуэу**
**фIыгъуэ хэкIыпIэ,**
**Зи акъужь гуакIуэр шылэ**
**тепIэн,**
**Уэращи си гум сэ**
**и дыщапIэр,**
**Насып, узиIэу,**
**сыщымыщIэн.**

Лъэпкъ усакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми псалъэ дахэ, гуапэ, IэфI гъунэжу хужаIащ анэм, зэрахузэфIэкIкIэ, ар ягъэлъэпIащ, лъагэу яIэтащ. Зэрызыххэу псори къыумыбжэкIми, Агънокъуэ Лашэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я закъуэ я анэм хуаIа лъагъуныгъэр, гурыщIэ къабзэр къыщыгъэлъэгъуа я тхыгъэхэр лъэпкъ усыгъэм и ехъулIэныгъэщ. Ауэ нэгъуэщI Iэджэм анэм хуатхар къыумыгъэщIэращIэу, хужаIам къытумыгъэзэжу щIэщыгъуэ гуэр къэпхутэныр, зыми зэи и акъыл къэмыкIа къызэIупхыныр сыт хуэдизу мыгугъуми, Джэдгъэфым дзыхь ещIри абы зрепщыт, ар нэсуи игъэзэщIэныр хузэфIокI. Джэдгъэфым и усэ нэхъыфI дыдэм анэмрэ анэдэлъхубзэмрэ щызэпхащ. Псоми зэращIэщи, дэтхэнэ зы сабийми къыдалъхуа и бзэм и IэфIагъыр, и дахагъыр къыхузэIузыхыр и анэрщ, аращ ар лъэпкъыбзэм и анэу къыщIалъытэри, зэхэгъэж хамылъхьэу а тIури псоми фыуэ щIалъагъури. Сыт хуэдэ макъамэри зыгъэдэхэн псалъэ къызэрыгуэкI, къэпсэлъыгъуафIэ, зэщIэжьыуэ, гупсысэ куэд зыщIэлъхэр усакIуэм къыхуигъуэтащ цIыхухэм куэд щIауэ я псэ дыхьа «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» уэрэд телъыджэм:

**Пщэдджыжь нэхулъэм**
**Вагъуэр полъэлъри,**
**Къуалэбзуубзэр**
**Мэхъур пшынэбзэ,**
**Бзум я бзэ дахэр**
**СфIощI си анэбзэ,**
**Сэ си анэбзэ,**
**Си адыгэбзэ.**

**КъэтIысыт сибгъукIэ,**
**Си анэ дыщэ,**
**Гущэкъу уэрэдкIэ**
**КъызэIущащэ,**
**Сэ псэуэ сиIэр,**
**Ар си анэбзэщ,**
**Ар си анэбзэщ,**
**Си адыгэбзэщ.**

Джэдгъэф Борис и уэрэдхэми, зэрыгурыIуэгъуэщи, увыпIэ нэхъ ин щызубыдыр лъагъуныгъэрщ. Пасэми ди лъэхъэнэми абы темытхыхьа, ар зымылъэлъэпIа ди уса- [illegible] щокI, езыхэри зэщхькъым, языхэзри и щхьэ хущытщ, къытегъэзэжыныгъэ, зэпэджэжыныгъэхэм абыхэм уащыхуэзэркъым, нэхъыщхьэращи, нобэрей лъэпкъ щIалэгъуалэм я лъагъуныгъэр пэжагъ, кууагъ иIэу, гум, псэм дыхьэу абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэхэщ «Сэтэней», «Iэдиихуу», «Мазэгъуэ жэщ», «Си дуней», «ЩыIэщ лъагъуныгъэ», «Уи

Пасэм лъэпкъ IуэрыIуатэми усыгъэми зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм Джэдгъэфыр кууэ щыгъуазэщ. А тIум я къэхутэныгъэхэри усакIуэм и уэрэдхэм Iэзэу къыщегъэсэбэп. Пасэрей Iэмалхэм нэхъ ехьэжьауэ абы зыщыхуигъазэр гушыIэ уэрэдхэрщ, иужьрей зэманым гъуазджэм и лэжьакIуэхэр Iэпэдэгъэлэл нэхъ зыхуэхъуахэрщ. Зэ еплъыгъуэкIэ апхуэдэ уэрэдхэм я ухуэкIэ-гъэпсыкIэм щIэ гуэр хэмылъу къыпщыхъу щхьэкIэ, абыхэм къыщыгъэлъэгъуар, дыхьэшхэн, щIэнэкIалъэ щыщIар екIуэкI гъащIэрщ, иджырей ди цIыхухэрщ, ахэр гунэс щIащыхъури IуэрыIуатэм и жыпхъэ зэсэжахэм тету зэрыухуар арагъэнущ. Абыхэм ехьэжьауэ уащыхуозэ адыгэ уэрэдхэм куэд щIауэ къыщагъэсэбэп псалъэ лейхэм - **уей**, **уей-жи**, **ой-ра**, **ри-ра**, **ей-жи**, **рэй-рэй-ра** хуэдэхэм. Я къэIуэтэкIэкIэ, ягъуэта гъэпсыкIэкIэ пасэрей уэрэдыжьхэм пэгъунэгъущ усакIуэм мыпхуэдэ и IэдакъэщIэкIхэр: «Iэдииху», «Сызыхуей щауэр», «Уи нитIыр мазэм къыхэплъ къысфIощI», «Къафэжь», «Бгырыс пщащэ», «ЛIым и гъыбзэ», «Щопсэу дахэр псы адрыщI», «Малъхъэм и тхьэусыхэ», «ЦIыхубз гушыIэ», «ЦIыхухъу гушыIэ» жыхуиIэхэр.

Уэрэдым хуейр, хуэныкъуэр балигъхэм я закъуэкъым, арыншауэ къыпхузыщыгъэхъуркъым сабий гъащIэри. Гущэм щилъ махуэм щегъэжьауэ уэрэдыр абы зэхех, абы щIапIыкI. ГъащIэр кууэ ящIэу, гуащIэдэкIыр фIыуэ ялъагъуу, нэжэгужэу, узыншэу ахэр къэхъун папщIэ, уэрэдми къалэн пыухыкIахэр егъэзащIэ. Ар тэмэму къыгуроIуэ Джэдгъэфми. УсакIуэм гулъытэ хуещI япэ лъэбакъуэхэр зыч щIэблэщIэр гъэсэным, хьэл-щэн къекIуэхэр абыхэм яхэпщэным. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа уэрэдхэр ныбжьыщIэхэм къахуэщхьэпэнущ, абыхэм я зэхэщIыкI-гупсысэм зрагъэужьынущ. Апхуэдэхэщ «ШэпIапIу», «ЦIыжьдадэ и уэрэд», «Мыщэ къафэ», «Мазэм ит мэлыхъуэ», «Мамэ дыгъэ, папэ мазэ», нэгъуэщIхэри.

УэрэдыфI зэхэплъхьэныр зэрымытыншым ещхьу, абыхэм я зэхэлъыкIэри зэкIуалIэркъым. Нэхъыбэм усакIуэм и псалъэм макъамэ къыхуагъуэт, адрейхэм макъамэ хьэзырым щIагъэувэ, ещанэхэм а тIури езыхэм ятх. А Iэмалхэм ящыщу ди щхьэкIэ нэхъ тэмэму, къезэгъыу къэтлъытэр езанэрщ. Абы щыгъуэ сыт и лъэныкъуэкIи зыузэщIыныгъэ зыгъуэта, зи щхьэ хущыт, зи закъуэуи зи пщIэр лъагэ художественнэ тхыгъэм макъамэ щIалъхьэ, зи IэщIагъэр кууэ зыщIэ, абы хуеджа, хуэIэрыхуэ цIыхуитIым я акъыл зы ящI, зэдолажьэ.

Джэдгъэфым и уэрэд псори а щIыкIэм тету гъэпсащ, арауи къыщIэкIынущ абыхэм я пщIэр къэзыIэтыр, ящыщ куэдыр цIэрыIуэ щIэхъуар. ЖытIам мыри щIыгъужыпхъэщ: усакIуэм и тхыгъэхэм ритмикэ шэщIа, зэмыфэгъу ящIэлъщ, усэ сатырхэм я макъамэр езыгъэфIакIуэ кIэух, сатыркIуэцI рифмэ гъэщIэгъуэнхэр, аллитерацэхэр гъунэжу къыщыгъэсэбэпащи, езы усэм щIэлъ макъамэм композиторым абы щIилъхьэнур занщIэу игу къегъэкI, емылIэлIащэуи ахэр нэхъ тыншу къегъуэт. Абы епхагъэнущ лъэпкъ композиторхэр псори я гуапэу Джэдгъэфым щIыдэлажьэр, и усэ куэдым макъамэ хьэлэмэтхэр щIыщIалъхьар.

Псоми зэращIэщи, уэрэдым и ехъулIэныгъэр, и пщэдейр IэджэкIэ епхащ ар зыгъэзащIэми. Езым макъыфI имыIэмэ, игъэзащIэр игу иримыхьмэ, уэрэджыIакIуэми и псэ хыхьэу ар хуэгъэзэщIэнукъым, ар жызыIэм и псэ хуабагъэ зыщIэмылъ уэрэдми гъащIэшхуэ и натIэ хъункIи Iэмал иIэкъым. Джэдгъэфым, и уэрэдхэр уэрэджыIакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ягъэзащIэ, ахэр хэIущIыIу зэрыхъуар, хэкуэгъухэм ягу, я псэ зэрыдыхьар абыхэми зэрафIыщIэр наIуэщ.

Дыщогугъ, хэбгъэзыхьмэ, хьэкъкIэ ди фIэщ мэхъу Джэдгъэф Борис и гуащIэр цIыхухэм гунэс ящыхъум и мызакъуэу, и уэрэд дахэхэр и Iэпэгъуу лъэпкъыр къэгъуэгурыкIуэну. Уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъыр хьэзыр хъуащ, ар къыдэкIынми дыпоплъэ. Илъэс 50 хъуауэ литературэм щылажьэ Джэдгъэфым дохъуэхъу дяпэкIи апхуэдэ усэ, уэрэд дахэ гукъинэжхэмкIэ къытхуэупсэу куэдрэ тхуэпсэуну.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

# Къандыгъэ и бжьыхьитI

## Хъыбар пэж

1.

СЭ СЩIЭЖЫРКЪЫМ а бжьыхьэр. Абы щыгъуэ илъэсищым сыщIигъуа къудейт. Ауэ а зэманым жылэм щекIуэкIахэр хъарпшэру си нэгу къыщIоувэ. Си ныбжьэгъу Хьэсэнбий сэр нэхърэ зэрынэхъыжьыр махуэ бжыгъэщ. Апхуэдэу щытми, абы гупсэхуу и гугъу ещIыжыф а бжьыхьэм, псом хуэмыдэу абы и зы махуэ гуэзэвгъуэм. Хэт ищIэн, и анэм и нэпсхэр къелъэлъэхыурэ мызэ-мытIэу и Iуэтэжа гукъэкIыжхэр илъэгъуа къыфIэщIыжрэ, е ар нэхъ гурыхуэ. Сытми, я гъащIэм и гугъу къыщыпхуащIкIэ, зэанэзэкъуэр нэщхъей къэхъуу топсэлъыхь а бжьыхьэ угъурсызым.

- Бжьыхьэм сыт и лажьэт, - жеIэ Гъуху, - лажьэм ихьынхэрт икIи ихьащ лажьэ псор зи лажьэр.

Хьэсэнбий и анэм зэреджэр Гъухущ, ауэ абы и цIэ дыдэр, куэдым ямыщIэми, Къандыгъэщ. Сэ сфIэдахэщ а цIэр, «дыгъэ» псалъэр хэтщи. Арами, сэ Къандыгъэ жысIэмэ, нэхъ къызощтэ. Гъэ зыхыбл япэкIэ ар фызыжьт. Жыгъэр къытегуплIами, и лъэм къриххьэкIт. ГуфIэрт ар. И къуэ закъуэм насып дилъэгъуат. Абы къаруущIэ къритт. Къандыгъэ зымыщIыху жылэм дэстэкъым. «ГъущIыпсэ» - жаIэрт абы щхьэкIэ.

Абы и ныбжь цIыхубзхэм зэман бзаджэ екIуэкIам гугъуехь Iэджи яшэчащ, гуауэ куэди ягъэващ. Ауэ Къандыгъэ къылъысари лейм и лейщ.

Псори къыщыхъуар зи гугъу сщIы бжьыхьэрщ. 1942 гъэт. Бжьыхьэкут. Мазэм и кIэт. Дыгъэпс а махуэр, ауэ дыгъэ бзийхэр лъыпс къыпфIэщIырт.

Зэман дыджым, Iэдэм дэлъым хуэдэу, гур дэмахэрт. Жылэм цIыхухъу балигъ къыдэнэжатэкъым. Ираджат псори зауэ гуащIэм. ЦIыхубзхэм цIыхухъу Iуэхури, езым я лэжьыгъэри зэрахьэрт. Къуажэ губгъуэри унэгуащэхэм я пщэм дэлът. Махуэ псом губгъуэр я унапIэт, жэщкIэ, кIэртIоф уэздыгъэр лъапэнэхуу, заузлIхэм хуадт кIагуэ дытахэр, хуащIт цы лъэпэдхэр, шхыныгъуэхэр. Апхуэдэ щытыкIэр си нэгу къыщIэзгъэхьэмэ, къызгурымыIуэр зыщ: сытым щыгъуэт щыжейр ахэр? Iуэхуу щыIэр я пщэм къэсми, залыгъуэжрэ зашхыжыжу умылъагъуу, нэфIэгу фIэт, Iэдэбагъэм пкъыр имыкIт. Я IэпкълъэпкъиI дыщэ лъэпкъи кIэрымылът, напи Iупи сэхусэплъыншэт, ауэ ахэр IуплъэгъуафIэт, пщэдджыжь пшэплъу.

Ист унагъуэр Жантемыр дзэм щыдэкIам къэна лъапсэм. Унэжь цIыкIур псы Iуфэ нэпкъым зеиншафэу къыхуоплъыхыр. Чы-бжэгъу унэр, ятIэ Iэгуу зэщIэяуэ, унэ пхашэщ, унэ пхашэр ятIэ лъэгущ. Псэуалъэншэщ, пщIантIэ зэври набжи-бжыхьи хущощIэ. ТIэкIунитIэ уэшх къешхамэ, унэм блэкI «уэрам нэф» зыфIащар ятIэрилэт. А лъэхъэнэм зи Iуэху хуэкIуэр зырызыххэт. Кхъуэщыныщхьэр унэ мащIэт, я нэхъыбэр ар бгъэныщхьэт. Жантемыр ящыщт нэхъыбэм, лэжьакIуэжьт. ГушхьэIыгъ т, шитI IэщIэлъу. А зэманым ар куэдым ялъымыс «къулыкъуфIт».

Дауэ щымытми, лъапсэ тIэкIур Къандыгъэ дахэ и насыпым и къежьапIэт. Жантемырым дигъуэтат сабий дыгъэ. УнагъэщIэхэм я щIалэгъуэт, я дахэгъуэт. Гугъэ къабзэм псэр хуэлажьэрт. ЗэгурыIуэт, зэдэIуэжхэт. Мылъкуу щыIэм ар нэхъ лъапIэт.

Псори хъунут, Хэку зауэшхуэр къэмыхъуамэ, Жантемыри дзэм мыкIуамэ. И щхьэгъусэр зауэзэрылI яублам кIуакIи Къандыгъэ лей гуэр щхьэхуэу къылъысауэ имылъытэ. Езым хуэдэр, еплъым жылэм, ар щэ бжыгъэщ. ЙокIуэкI зауэ гъащIэ кууттэр и гуащIэгъуэу. ХэкIуэдахэр мелуан лъытэщ. Махуэ щIагъуэ дэкIкъым жылэр яукIакIэ зэхэмыхьэу, кIуэдам лъэпкъхэр темыпыхьэу. Ар щилъагъукIэ, Къандыгъэ и псэм фIы щыщIэн? Мэгузавэ, мэгузасэ, и гум хуэдэщ мастэ хэлъым. Зауэ гъащIэр уэрэдыншэу гъыбзэ хуэлъэщ. Хьэр бэнэхукIэ, фызыр къоскIэ, Жантемыр деж и гур мажэ.

Зауэ гъуамэр щиухынум фызыр поплъэ нэхъуеиншэу, шыIэныгъэ зригъэлэу. Гуэныр нэщIми мытхъэу сыхэ. Ауэ тынш лIы щхьэщымыту и бынищыр зэщIипIэну? Хуэмызам ар гурыIуэнкъым. СабиитIыр сабий дыдэщ, тIум ещанэр ар бидзафэщ.

...Унагъуэм жьэгур я тIысыпIэщ. Зэ пщэфIыгъуэ унэм илъыр шыуан цIыкIум мащIэ дыдэу къызэрищыр. Ар хьэнтхъупсу анэм цIыкIухэм яхуегъавэ. И Iэ ижьымкIэ Къандыгъэ, иубыдауэ бэлагъыкIыр, шыуан лъащIэр ныззеIещIэ. Iэ сэмэгур хьащ гущащхьэм, сабиитIыр зыбгъэдэсым. Мис абдежым,- сыт телъыджэ! - и жьэгу пащхьэм къыдохутэ блэ фIыцIэжьи щхьэр гъэкIауэ зыкърэсэ. Зэуэ къэрэдзри и шэрэзыр, къазыхъу щыкIэу зэщIофие. Щогъупщэж Къандыгъэм шынэр. Бэлагъ пщтыркIэ мауэ блащхьэм. Блэр мэкIуэдыр напIэзыпIэм, нэгум къонэ и сурэтыр...

А пщIыхьэпIэр зыхуихьынур къыхуэмыщIэу, гум имыкIыу илъэгъуахэр псэут Къандыгъэ. Псэр, имыIэу зы пыIэгъуэ, нэщхъеягъуэ гуэрым пэплъэрт.

ИтIани Къандыгъэ и бгыр щIэкъузауэ ирехьэкI дэтхэнэ зы лэжьыгъэри. Гужьеящи, темыхьэлъэ губгъуэри, дамэрыхьу пхъэхьэ здэкIуэ мэзри. Хьэблэм дэс лIыжь закъуэтIакъуэ къэнахэм гу къылъатэ зы пхъэ дамэкIэ. Гъунэгъухэм къапэщIэхуэ ерыскъы мащIэр зэдагуэш. Зи закъуэ къэна фызым зэрыхузэфIэкIкIэ зэщIепIэ сабиищыр. А зэманым цIыхур мэжэщIалIэт, сабиигъуэр лъапцIэрыщэт. Псори езэшауэ ежьэрт текIуэныгъэр къыщысынум. Ауэ зауэ гъуэгум и кIыхьагъыр, и бгъуагъыр здынэсыр зым имыщIэ. ГъащIэ гугъум пищэрт гъэбэгъуауэ, гуауэм къилъхурт гуауэ тIуащIэ.

Къандыгъэ есэжат и фэм дэкIхэм. Гугъуехь псоми пэлъэщынут, екIуэкI бжьыхьэм зы махуэ угъурсыз къыхэмыкIамэ. Ар арат, а пщIыхьрат, илъэгъуахэм мис ар IэкIэ нытоIэбэ...

А махуэм унагъуэр щызэхэст жьэгу хъерыншэм. Сабий мэжалIэхэр пIащIэу йожьэ лъахъшым фIэдза шыуан цIыкIум илъ къэб IупщIитIым. Щымщ унагъуэр. Ар ерагъыу зэрыпсэур сабий нэкIухэм, фыз тхьэмыщкIэм и нитI езэшахэм къыпхуаIуатэ. Нартыху жэпкъыр я гъэсынщи, сабиитIым ахэр мафIэ къызэщIэнэ-ужьыхыжым хуэсакъыпэурэ пэралъхьэ. Ящхьэщыст абыхэм анэр, и гупсысэм зэщIиIыгъэу.

Мис абдежым унэ кIуэцIым и щымыгъэр уафэгъуагъуэу IэуэлъауэмI зэхекъутэ. Къыдопсалъэ бий кхъухьлъатэм и топышэм жылэ иныр. ДакъикъитI-щым мафIэс бзаджэм зэтресхьэ унэ Iэджэ, цIыху укIыгъэр щэщIым нос.

ГухэщI махуэр гущхьэ къутэт жылэ псом я дежкIэ: Iуэхуу яIэр хьэдэщIэлъхьэт. Къандыгъэ дахи бгъафэщIэлъу сабий цIынэр имыIэж. Лъыпсым хэлъу, ар жьэгупащхьэм щегъеиж. СабиитIым къуэхъуэпсыхъуэр ныззэрахьэ: гурыфIыгъуэу яIэ анэ закъуэм, къытехуауэ шэр, блыпкъ ижьым лъыр къожэх, и Iэр ар къыдэмыбзыж...

Зауэжь бзаджэм ираджамэ жылэм щыщу щIалэ щитху, щищым щIигъур къэкIуэжакъым. ИгъэпщкIуахэщ щIы фIыцIэжьым. Хъыбарыншэу кIуэдыпахэр щэм ноблагъэ.

- Къэмыхъужкiэ а зэманыр, - жи Къандыгъэ. - Си IэпкълъэпкъымI хэлъщ иджыри а биишэр. Ноби пкъыкIэ къызохьэкIыр. Iэ лъэныкъуи симыIэж. Сэмэгурами сыдэкIуатэрт. Сэ сытым хуэдэу сыхуэныкъуэ хъурэт си Iэ ижьым. СпIащ апхуэдэу си бынитIыр. Зауэм кIуари къэкIуэжакъым. Сытыр сщIэнт, ди Тхьэ лъапIэм илъагъурт псори...

Гур еуIэ анэ псалъэм. КърагъакIуэ нэхэм нэпсыр.

Ауэрэ Къандыгъэ и гукъэкIыж хьэлъэр мащIэурэ щхьэщокI. Ар мэуэршэр, екIуэкIахэм топсэлъыхь, и бзэ IэфIыр зыхызощIэ. Сеплъыпэмэ, жьы хъууэ и фэм зидзами, абы и нэгум дыгъэпс щыкIэу щIэтщ гуапагъэр, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэн лIыгъэр. «Си нанэу си нанэ дыщэ, - жызоIэ сигукIэ. - Фэ псори, фэкIэ фызэхуэмыдэми, гукIэ фызэщхьи. Фи хабзэ дахэхэр фи жыр лэныстэти. Гугъуехь фи натIэми, фыкъимыкIуэтти. Фи цIыхубз напэр сакъыу фхъумэжурэ, лIы фщхьэщымытми, фи бынхэр гъащIэм ныхуэвгъэсати. Дэнэ къифха апхуэдиз лIыгъэр?»

Нанэм, си гукъэкIхэр зыхищIа хуэдэ, и псалъэхэм къыпещэ:

- Ди гуращэр зыт: быныр пIыныркт, хъуэн зыгуэри къэдмыхьыныркт. Iувщ цIыхуфэр - пхуэмышэчын къыптрилъхьэркъым. ЩIалэ закъуэр си гугъапIэщ. Жылэм хэзагъэу жаIэри, щхьэ пцIы сыупсын, согуфIэ.

- Хэзагъэ къудейкъым, ар я щапхъэщ - щыжесIэкIэ, Къандыгъэ зыри къыпидзыжыркъым, ауэ абы и нэгум гуфIэгъуэ нур нэрымылъагъухэр ирожэ.

2.

ЗАУЭ илъэсхэр екIуэкIащ нэпскIэ шыуа махуэ защIэу. Зауэ нэужь лъэхъэнэри зауэ пэ лъытэт. Гъаблэт, щIым телъ фэбжьыр гугъуехьышхуэ ятелъу къуажэдэсхэм ягъэкIуэдт. Къуажэр фаджэлыджэт. Зи куцIыр зауейм щIифыкIа жылэри гуауэшхуэ зылъэгъуа фыз тхьэмыщкIэм ещхьыфэт. А псор фIыуэ къызыгурыIуа щIалэ губзыгъэм мурад ещI и анэм дэIэпыкъуну.

- Сыт жыпIэр, уи лэжьэгъуэ хъуа? - мэгужьей анэр. - Дыдэсщ къуажэ, хьэлу Iыхьэ дыщыщIэнкъым, иджыри къэс дыщымылIакIэ. Еджэ, тIасэ, еджэ.

- Сылажьэурэ седжэжынщ, - жеIэ къуэм.

А псалъэмакъыр куэдрэ къэхъеящ, ауэ анэм ткIиигъэ хэлъу жэрдэм мыхъуурэ екIуэкIт. Къандыгъэ къару имыIэжри, унагъуэр зэпыхуари пэжт. Ауэ и щIалэ балигъыпIэм имыту губгъуэ лэжьыгъэ мытыншым анэм псэкIэ щихъумэрт.

Анэм гу лъитэрт Хьэсэнбий я гъунэгъу Аминхэ я деж кIуэрейр зэрыхъуам. Амин куэд щIауэ трактористт. Ар лIы Iэдэб псалъэмакъыншэт, лэжьыгъэр къызыдэхъут, езыр плIабгъуэт, зэIэр къыгуичыным хуэдэу, къаруу фIэт. Абы и теплъэми и лэжьэкIэми щIалэр дахьэхат. Зыри жимыIэми, зэгуэпырт игъэсэну къыжезыIэм хуит зэрыхуамыщIым щхьэкIэ. Къуажэ губгъуэхэм щылэжьэну мурад ищIам и къуэр щытемыкIым, анэр гузэвэщ.

- СфIэкIуэдынущ щIалэр, си хьэтыр къэлъагъу, Къамболэт, - зыхуигъэзащ абы жылэм и тхьэмадэм.

ГъащIэм кууэ хэзыщIыкI лIы губзыгъэм къыгурыIуащ Къандыгъэ и къуэ закъуэм и нэIэ тетын зэрыхуейр. Арати, Хьэсэнбий и мурадыр къехъулIащ. Ар хъуащ фIыуэ къэзылъагъу Амин и гъукIэгъэсэн. Езым хуэдэ щIалэ цIынэ зытIущи бригадэм хэтт. Гупым зэрамыгугъауэ щIалэр псынщIэу и IэщIагъэм есэфащ. Уеплъамэ фэшхуэлышхуэ темылъми, ар IэпсынщIэлъэпсынщIэт, Iэрыхуэт, еш ищIэртэкъым. Пщэдджыжь нэмэзым IэнатIэм къыщыхутэрт. Япэ щIыкIэ дзыхьмыщIу абы къыбгъэдыхьа лэжьакIуэ гупыр зыIэщIэлъ Мухьэмэд щIалэр игу ирихьыжауэ къыпыгуфIыкIыурэ абы и дамащхьэм теуIуэрт, жиIэурэ:

- ЛIы хъунущ мыр, бэрэжьей гущэкIэ япIакъым ерпIынэну, мэкъумэшылI бэлыхь хъунущ. Ауэ шынытбэпхыр гъэлэлауэ фIыуэ шхапхъэщ, - гушыIэрт ар. - Хуабжьу къуэгъущ.

- Къуэгъуми, еплъыт улъэщIыхьэм, - къыпадзыжырт зэныбжьэгъухэм. - Адыгэм жиIакъэ: «вы и къуэгъурэ лIы и гъуррэ».

Гуп гушыIэм Хьэсэнбийр игъэгушхуэрт. ЩIэхыу ар лэжьакIуэбэм яхосыхь, я унагъуэ исыж хуэдэу. ПсынщIэу макIуэ илъэс бжыгъэр. Къандыгъэ и псэри псэхужащ: щIалэм IэнатIэ пыухыкIа игъуэтащ. Хьэлу Iыхьэ къелэжьыф. Анэм гугъуехыр IэкIэ щхьэщахам хуэдэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, итIани анэгур мэпIейтей, «пасэIуэу лэжьыгъэм пэрыуващ, я дэ ди Тхьэ, дыкъэхъумэ», жиIэу.

БэлыхьхэмыкIыу гъащIэр зыхьа фызабэм бын хъер тIэкIу илъэгъуам дамэ кърет, Iуащхьэмахуэу и гур егъэин.

Пэжщ, Къандыгъэ зэзэмызэ нэщхъей къохъу. БлэкIахэр нэгум къыщIохьэж, пшагъуэ фIыцIэу. Мис ноби къэтщ и щхьэгъусэр. Ар кIуэдащ хъыбарыншэу. Хьэсэнбий къэхъуащ адэм и IэфI гуэри зыхимыщIэу. А псор и нэгум къыщIэувэм, Къандыгъэ и нэпсхэр хузэфIэмыкIыу къыфIожажьэ.

3.

КЪАНДЫГЪЭ и нэIурытщ зауэ блэкIа шынагъуэм гъунэгъуу емыкIуалIэ бжьыхьи. Ар нэгъуэщI бжьыхьэщ, 1970 гъэм и бжьыхьэ угъурлыщ. БжьыхьэкIэт. Хьэсэнбий нартыхугъэкI гупым я унафэщIт. Ахэр зы цIыху тIощым нэблагъэу зэдолажьэ, зым Iэпыхур зым къищтэжу, зэхуэпэжу. ЗэщIакъуат гъатхэ лэжьыгъэр. ПщIэнтIэпс мащIи къапхыкIакъым, ауэ я гугъуехьым кърикIуахэм хъунущ ахэр ирипагъ. БэвыщIу къайхъулIащ я гъатхасэр. Бэгъуащ я сэхураныр. Бжьыхьэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэт нартыхур. Ар Iухыныным гупыр телажьэрт, хъыбар гуфIэгъуэр къыщыIуам: Хьэсэнбий къыхуагъэфэщат саугъэт лъапIэ - ГуащIэдэкI щытхъум папщIэ Хэкум игъэува дамыгъэ пэрытыр. Иджы щIалэм иIэт зэгъусэу апхуэдэ дамыгъэищри. Ар Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьт. А цIэ лъапIэр къихьащ щIалэм Iэпщэ защIэкIэ, щалъхуа жылэм и щIыхьыр игъэбагъуэкIэрэ. Ар илъагъурт Къандыгъэ. Абы и нэгу щIэкIащ бжьыхьэ куэд, ауэ мыр псом хуэмыдэт. Лъапсэ дахи яухуащ, уардэу уни ящIыфащ, къуажэ псом къыдощыр жыпIэу. Дыгъэм хуэдэу яIэщ щIэблэ. Хьэсэнбий и бын пажэр адэ гъуэгум теуващ. Жьыщхьэ махуэ хъуащ Къандыгъэ. Ар цIыху кIуапIэ дыдэщ. КъыхуогуфIэ хэти и къуэ закъуэм дилъэгъуа насыпым щхьэкIэ. Iуэху яIэ хъуамэ, етIысэхкъым я хьэблэжьыр, накIуэпакIуэщ жылэдэсхэр, хамэ куей къикIаи щыIэщ. Къандыгъэ цIыху щхьэщытхъу зыхэзышу къэтэджакъым. Абы сыт щыгъуи укIытэр къытокIуэ, ауэ, пэжыр жыпIэмэ, абы нуру къыжьэхопсэ и къуэ закъуэм и гухэхъуэр! Хэти емыкIу иремыщI, ар мэгушхуэ. Арати, Къандыгъэ и гум дыгъэр щопс. Ар мэхъуахъуэ, зэхрех и хъуэхъур хэти. Арэзы хъуа анэ лъапIэм иредаIуэ уафи щIылъи. Лъэтэфатэм абы и гур хы тхъэрыкъуэу, нихьэсынут и хъыбархэр дэнэ щIыпIи. Анэм ещIэ: и къуэ закъуэм иIэ щIыхьыр гугъуехьыншэу уафэм занщIэу къепсыхакъым. МэкъумэшылIым псэху имыщIэ щыуэлбани, жьапщэ щIыIи. Егъуэт ищIэн лIы мыщхьэхым. Хьэсэнбии, иIэ гъащIэр иухыху, абрэдж жьакIэу, щыфэр гъуаплъэу, Тхьэгъэлэджым и Iэмырти, гъавэ лъапIэм елэжьащ.

Къелъэтыхь фызыжьым и гупсысэм. Унагъуэр иухынщи, гъунэгъухэм кIуэнщ, благъэхэр зырызу щIищыкIынщ, къуажэ уэрамымкIэ ирижэнщ, лIахэм я дежи ар нэсынщ. Зэрегъэзахуэ куэд. Жьы хъууэ и акъылыр фIэкIуэдакъым. Ауэ Хьэсэнбий кIэ лейуэ умыупщIэ - абы пищIын дунейм теткъым.

Къуэр къэтэджырт кIэху къимыщIу, нэхущ вагъуэр иIэу гъуазэу, и IэнатIэм къыщикIыжри цIыхухэр псори зэгъэжауэт. Къэту и къуэр Къандыгъэ и нэбдзыпи зэтемыхьэт. Хэ тIэсауэ къэкIуэжамэ, ищIэт быдэу, къуэр гъуэлъыпIэм бгъэдыхьэнут, мащIэу анэр Iурихамэ, и Iэ пхъашэр шхылэн щIыIум ныдилъэнут. Арат анэм игу щызагъэр, ар жей IэфIым щыхилъафэр.

... МэкъумэшылI къысхэмыкIами, сесащ сэри къуажэ губгъуэм. Дэ зэныбжьхэм ди сабиигъуэм вагъэмбэкъур ди гущапIэт. Унэгуащэ губгъуэрысхэм я быдзышэкIэ дызэдапIырт. Зы быдзышэ узэдефэм, узэкъуэшхэу арат хабзэр. Арти, губгъуэм цIыхур зэришалIэрт, губгъуэр псэуныгъэм и хэкIыпIэт.

Соплъри губгъуэм, зыщ гупсысэу си гум къэкIыр, си псэм жиIэр:

- КъахурекI я жылэр щIым телажьэм зэтещIыщIэу, нэр бэвыгъэм игъэгуфIэу, узыншагъэу щIылэр пылъу. Хрелъ гъавэм псоми я шхыныгъуэ, я IэфIыгъэ, анэм иIэ лъагъуныгъэ, игъэбагъуэу зэкъуэшыгъэр, нартыху жылэр зэрыбагъуэм ещхьыркъабзэу.

4.

ДУНЕЙР хуэдэщ щхьэл кIэрахъуэм. Блолъэт гъэхэр, фочым икIа шэуэ. Нэгум щIокI гуфIэгъуи, гур зыхуэ нэпсылэ махуэ Iэджи. Ехыжащ дунейм Къандыгъэ дахи, Хэку лIыхъужьхэм хальытауэ абы и къуэ закъуэри. Жантемыри и унагъуэм напэлъагъуи хуищыжакъым, псэр щитащ хамэщI ямыщIэм. И бынт ахэр адэжь лъахэм. ЛъэпкъкIэ жыпIэмэ - Къатинэт.

Сэ абыхэм я лъэужьхэр ноби жылэм дызолъагъуэ. Псэуащ ахэр, лэжьэн щхьэкIэ я къарухэм емыблэжу, напэр къабзэу, щэн яхэльу, я лъэпкъ хабзи ебэкъуакъым. Мы жысIами щхьэпырыкIыу насып щыIэу сэ сымыщIэ.

**ДЖЭДГЪЭФ Борис.**
*Аршыдан къуажэ.*

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гимн

*Макъамэр Къардэн Хьэсэн, усэхэр Джэдгъэф Борис яйщ.*



**Ди лъахэ дахэ, ди Хэку дыгъэ,**
**Псэм пэтщIу Къэбэрдей-Балъкъэр!**
**Къуитащ уэ Тхьэшхуэм лъапIэныгъэ,**
**УобжьыфIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!**

***Ежьу:***
**ЕфIакIуэ, гъагъэ, ди щIыгу махуэ,**
**Адэжь щIыналъэ, ди дуней!**
**Насып дамыгъэщ Iуащхьэмахуэ,**
**Ди Хэкужь уардэ, щIыхькIэ бей!**

**Лъэпкъ зэныбжьэгъухэм инщ я гуащIэр,**
**Адэжь уэсятхэр догъэпэж.**
**Зэкъуэтыныгъэм еузэщI гъащIэр,**
**Дэ хъунщ псэукIэр нэхъ дахэж.**

***Ежьу.***

**Уэ уегъэлъэщыр мамырыгъэм,**
**ДоIыгъ къуэшыгъэр Урысейм.**
**И гъуазэ нуркъэ ар уи лIыгъэм,**
**КъэкIуэну дахэ уи пщэдейм!**

***Ежьу.***

## Гимным и псалъэхэм теухуауэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Къэрал гимным хуэстха макъамэм Джэдгъэф Борис щIилъхьа усэр фIы дыдэ хъуауэ, гупсысэ куу щIэлъу, зытеухуам екIупсу къызолъытэ. Дэтхэнэ зы сатырри макъамэм дахэу щIожьыуэ, гимным иIэн хуей жыпхъэр хыболъагъуэ.

Гимныр гъэзэщIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Борис республикэр зэригъэлъапIэ псалъэхэр зэрытыншым, къызэрыпсэлъыгъуафIэм.

**КЪАРДЭН Хьэсэн,**
*УФ-м и цIыхубэ артист, композитор.*

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

## УзыфэфI щыIэкъым

### ЩэкIуэгъуэм и 13-р Нэфхэм я дунейпсо махуэщ

1745 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м Франджым къыщалъхуащ егъэджакIуэ цIэрыIуэ, Парижрэ Петербургрэ нэфхэм папщIэ еджапIэ, IуэхущIапIэ зыбжанэ къыщызэзыгъэпэщауэ щыта Гаюи Валентин. Санкт-Петербург иджыпстуи щолажьэ XIX лIэщIыгъуэм Урысейм щыяпэу абы къызэригъэпэщауэ щыта еджапIэр. Зи нэм имылъагъухэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуным езым и щапхъэкIэ цIыхухэр къыхуезыджэ Валентин и пщIэр иIэтын мурадкIэ, абы и фэеплъу ар къыщалъхуа махуэр Нэфхэм я дунейпсо махуэу игъэуващ Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм.

1784 гъэм дуней псом щыяпэу Гаюи Валентин езым и мылъкукIэ Париж къыщызэIуихауэ щытащ зи нэм имылъагъу сабийхэм папщIэ еджапIэ. Ахэр зэрыригъэджэну тхылъхэри езым зэхигъэувэжат, уеблэмэ ар къыщыдигъэкIыну типографиер еджапIэм хэту къызэIуихат.

Валентин и IуэхущIафэхэм я хъыбар Урысей пащтыхь Александр Езанэм щызэхихым, ар ди къэралым кърригъэблэгъащ. 1806 гъэм Петербург къакIуэри, абыи нэфхэм я еджапIэ къыщызэIуихащ, абыхэм я Iуэхур дэкIынымкIэ лэжьыгъэшхуэ къэралым щригъэкIуэкIащ. И ныбжьыр илъэс 72-м иту Гаюи Валентин Урысейм икIыжащ, ауэ абы и пэ къиихуэу пащтыхьым а цIыху щыпкъэм хуигъэфэщащ Щихъ Владимир и орденым и 4-нэ нагъыщэр.

1925 гъэм ди къэралым къыщызэрагъэпэщащ Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ. Мы зэманым абы хэтхэм я бжыгъэр мин 280-рэ мэхъу. Зэгухьэныгъэм и къалэнщ щытыкIэ гугъум къихута цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэригъэпэщыну, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым зэфIэкI гуэрхэр щагъэлъэгъуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну.

### ЩэкIуэгъуэм и 14-р Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

Фошыгъу узыр нэхъыбэу никъуэдыкъуагъэ къызыхэкI, нэхъ псынщIэу цIыхухэр зэрылIыкI узыфэ шынагъуэу къалъытаищым (атеросклероз, лыш, фошыгъу уз) хохьэ. Мыр шынагъуэу къыщIалъытэр ар псынщIэу зызыубгъу узыфэу зэрыщытырщ. Мы зэманым а узыфэр япкърыту дуней псом къыщалъытащ цIыху мелуан 200-м нэблагъэ. Абы щыгъуэми, къэрал псоми ар къызэуэзхэм я бжыгъэм илъэс къэс процентри 5-7-кIэ щыхохъуэ.

Фошыгъу узыр сыт хуэдэ ныбжьым итми къеуэлIэнущ икIи ар игъащIэ псокIэ цIыхум къыхуонэ. Узыфэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхокI, псом хуэмыдэу ар яхуэлъэщ цIыху пшэрхэм. Фошыгъу узыр япэ, етIуанэ лIэужьыгъуэ жиIэу зэщхьэщокI икIи абы елъытауи хущхъуэхэр зрахьэлIэ.

1922 гъэм Бантинг Фредерик инсулиныр къигупсысауэ щытащ икIи ар япэу зрахьэлIа ныбжьыщIэм и щытыкIэр куэдкIэ ефIэкIуат. XX лIэщIыгъуэм медицинэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэ лъэщхэм ящыщт ар икIи а хущхъуэр зэхэзылъхьам 1923 гъэм хуагъэфэщауэ щытащ Нобель саугъэтыр.

1989 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм фошыгъу уз зиIэхэм ягъуэт дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ Сент-Винсентскэ декларацэр къащтащ икIи Европэм ар зэрыщагъэзэщIэным и программэ зэхалъхьащ. Абы и фIыгъэкIэ фошыгъу уз зыпкърыт сымаджэхэм я гъащIэр зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми тынш щащIыф хъуащ, абыхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр ефIэкIуащ.

2007 гъэм ООН-м и унафэкIэ щэкIуэгъуэм и 14-р, инсулиныр къэзыхута Бантинг Фредерик къыщалъхуа махуэр, фошыгъу узым ебэнынымкIэ дунейпсо махуэу ягъэуващ.

**ДОЛАминэ.**

**Шхыныгъуэхэр**

## ТебэкIэ гъэжьа мэлыл гъэгъуа

Мэлыл гъэгъуар г 50-60 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI, къупщхьэ хэлъмэ, зэпауд, псы хуабэкIэ ятхьэщI, тебэм иралъхьэри щIигъанэу псы щIыIэ щIакIэ. Зэ къызэрытекъуалъэу, шыгъур щIихын щхьэкIэ, ар щIагъэж, псывэ щIакIэ, мафIэр цIыкIуу ешэхауэ, тебащхьэр тепIауэ дакъикъэ 40-45-кIэ трагъэт, псыр щIэвэщIэху. Псыр щIэвэщIа нэужь, дагъэр къыщIедзри, лыр тхъуэплъ хъуху дакъикъи 6-7-кIэ ягъажьэ, зэIащIэурэ.

Абы и ужькIэ бжьын упщIэта, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри зэIащIэурэ дакъикъи 2-3-кIэ трагъэт, бжьыныр жьэху. Лы жьам псы щIыIэ щIакIэри тебащхьэр трапIэж, мафIэр ину зы дакъикъэкIэ, иужькIэ цIыкIу ящIыжри аргуэру зы дакъикъэкIэ трагъэт. Апхуэдэу пщIымэ, лым мэ дахэ къыхех, IэфI, и фэр дахэ мэхъу.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ тепщэчым иралъхьэ, бжьын гъэлыбжьари шыпс хуэдэу щIэтри тракIэж. ПIастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яш.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** *лы гъэгъуауэ - г 400, етIуанэу щIакIэ псывэр - г 720, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, псы щIыIэу - г 100, шыбжий сыр хьэжауэ - гум пIэпихым хуэдиз.*

## Балыджэ фIыщIэрэ бжьыныщхьэрэ зэхэупщIэтауэ

Балыджэ фIыцIэ тхьэщIар яукъэбзри, сэкIэ яупщIатэ псыгъуэ цIыкIуурэ. Бжьыныщхьэ укъэбзар пIащIэ цIыкIуурэ, мазэ никъуэм ещхьу, яупщIатэ. Балыджэ фIыцIэри бжьынри хьэкъуэщыкъу лам иралъхьэри шыгъу хадзэ. Сэхуран дагъэ, серчэ хакIэри фIыуэ зэхагъэзэрыхьри, и щхьэр тепIауэ щIыIапIэ деж ягъэув дакъикъэ 15 хуэдизкIэ, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж балыджэ зэхэупщIэтар зэIащIэ, тепщэч цIыкIум иралъхьэри абы къыщIэжа и псыр тракIэж, къуэн упщIэта трагъэщэщэж. ПIастэ, щIакхъуэ, чыржын, хьэлIамэ, кIэртIоф гъэва, кIэртIоф пIастэ дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** *балыджэ фIыцIэу - г 50, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50, сэхуран дагъэу - г 15, шыгъуу, серчэу, къуэну - узыхуейм хуэдиз.*

**КЪУБАТИЙ Борис.**

**Теплъэгъуэхэр**

Сабийхэм я гуфIэгъуэщ.

**ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр**

## Дахагъэм гукъыдэжым хегъахъуэ

Хьэл-щэным цIыхур нэхъ зэпэгъунэгъу ещI акъылым нэхърэ.

**РЕНАН Эрнест.**

ИIэ къарум тегушхуэжыфырщ зыхуейр зыIэрызыгъэхьэфыр.

**ФЕЙРБАХ Людвиг.**

Нэжэгужагъэм и щэхур зыхэлъыр Iуэхугъуэ мыхьэнэншэхэм уримыпIейтейнырщ, абы къыдэкIуэу гукъыдэж къозыт я нэхъ мащIэми гулъытэ хуэпщIу ущыгуфIыкIынырщ.

**СЭМЮЭЛ Смайлс.**

Пэжыр къыбгурыIуэныр, дахагъэр зыхэпщIэныр, фIым ухущIэкъуныр - ахэращ гъащIэм и купщIэр.

**ЭПИКУР.**

Акъылыншэм къамэ IэщIэплъхьэми, цIыху хьилэшым унафэ IэщIэплъхьэми зэхуэдэ шынагъуэщ.

**ПИФАГОР.**

Къулейсыз узыншэр нэхъ насыпыфIэщ, пащтыхь сымаджэм нэхърэ.

**ШОПЕНГАУЭР Артур.**

ЩIалэгъуалэр зыхуейр гъунэ зимыIэ утыкущ, жьы хъуар зэманщ.

**МОРАН Поль.**

IэщIагъэхэм я нэхъ гугъу дыдэр цIыхуу ущытынырщ.

**МАРТИ Хосе.**

Лэжьыгъэ нэхъ хьэлъэ дыдэр пщэдджыжьым сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ жэщ никъуэ хъуху дахэу ущытынырщ.

**БОРДО Брижит.**

Дахагъэм гукъыдэжым хегъахъуэ.

**ТОКАРЕВЭ Викторие.**

ФIыуэ плъагъу псори дахэщ.

**КРИСТИАН Моргенштерн.**

**Щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр**

## «Нарт шырыр» ягу ирохь

**ЩэкIуэгъуэм и 9-м Мэздэгу къалэм щызэхэтащ Кавказ къафэхэм я фестиваль. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм, Ставрополь крайм икIа къэфакIуэ гупхэр.**

ФЕСТИВАЛЫР хуэгъэпсат Кавказым ис лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъугъэ, зэгурыIуэныгъэ дэлъу къызэдекIуэкIыным. Махуэшхуэм хэтахэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къафэхэм. Мэздэгу щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дербит Валерэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, къызэхуэсахэм псом хуэмыдэу ягу дыхьат ди республикэм икIахэр. Нарткъалэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и «Нарт шыр» сабий ансамблым япэу игъэзэщIащ убых къафэр. Абы хуаIэта Iэгуауэ кIыхьыр зэпымыуауэ етIуанэу утыку къихьэжхэри, адыгэ лIакъуэ псоми я деж нэхъ щыцIэрыIуэ «Къафэр» ягъэзэщIащ.

- Дахэу, екIуу утыкум итащ «Нарт шырым» и къэфакIуэхэр, - жеIэ Дербит Валерэ. - ДымыгъэщIэгъуэн тлъэкIакъым я щыгъынхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу зэрыщытыр. Абы къегъэлъагъуэ республикэм щэнхабзэм щыхуащI гулъытэр зыхуэдэр.

Фестивалым хэта псоми щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

**Хъуэхъу**

**Къэхъун къуажэм щыщ Шыбзыхъуэ Аслъэн Мухьэмэд и къуэм и ныбжьыр илъэс 40 ирокъури, дохъуэхъу**

ФIыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI Аслъэн! ЦIыхухъур лIыпIэ щиувэу ижь-ижьыж лъандэрэ къалъытэ ныбжьым унэсащи, дынохъуэхъу щIылъэм щызекIуэ насыпым я нэхъыфIыр къоуэлIэну. Уи узыншагъэр мыкIуэщIу, гуауэм упэIэщIэу, берычэтыр уи жьэгуу, уи гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу, уи щхьэгъусэр къыпкъуэту, уи щIэблэм я насып укIэлъыплъыну, я ехъулIэныгъэхэм уригушхуэну, гуфIэгъуэ куэд плъагъуну, уи хъуэпсапIэ псори къохъулIэну, гъащIэм гу щыпхуэну ди гуапэщи, Тхьэр фIыгъуэкIэ къыпхуэупсэ!

***Уи адэ Мухьэмэд, уи анэ Федосэ, къыбдалъхуахэмрэ уи Iыхьлыхэмрэ.***

**ГушыIэхэр**

### Дохутырхэм сыту куэд фхузэфIэкIрэ

Зи Iэхэр мафIэм Iейуэ иса лIыр къыкIэлъыплъ дохутырым йоупщI:

- Си Iэхэм бинтхэр кIэрыфхыжмэ, пианинэ сеуэфыну?

- Си гугъэмкIэ, нтIэ, - жиIащ дохутырым.

- Дохутырхэм сыту телъыджэ куэд фхузэфIэкIрэ - сэ игъащIэм пианинэ сеуэу щытакъым.

### Насыпыжьыр иIэти

Къуаргъым и мыIуэху зэрихуэу, псоми яхэпсэлъыхьу псынщIэу къыздилъэтыхьым, жыгейм щхьэкIэ еуэри къехуэхащ.

- Насыпыжьыр иIэти щхьэкуцIыншэщ, - жиIащ жыындум, - армыхъу и щхьэр хъеятэкъэ.

**ГъэщIэгъуэнщ**

## Жыг телъыджэхэр

Индием, Индонезием щIакхъуэ къызыпыкIэ жыг ущрохьэлIэ. «ЩIакхъуэ жыгщ» абы зэреджэр. Ауэ, дауи, а жыгхэм щIакхъуэ хьэзыр къапыкIэркъым, атIэ джэдыкIэ теплъэ яIэу зи кIыхьагъкIэ метрым нэблагъэ, зи бгъуагъкIэ сантиметр 30 хъу, килограмм 30 зи хьэлъагъ пхъэщхьэмыщхьэхэр япыту arащ. Абы и фэр тепха нэужь, хупцIынэм ещхь кумылэ къыщIощ. Кумылэр шыгъу хэплъхьэжрэ бгъажьэмэ, щIакхъуэ хьэзырщ.

А жыгым щэкIуэгъуэ мазэм къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэ хъуху «щIакхъуэ» къыпокIэ, мазищ къэнам зегъэпсэху. Тропическэ къэралхэм щыпсэухэм а мазищым хуагъэтIылъа щIакхъуэр яхурокъу щэкIуэгъуэр къэсыху.

«ЩIакхъуэ» жыгхэр илъэс 70-75-кIэ мэпсэу. Жыгым и фэм щыгъын, и пхъэм унэлъащIэ, и тхьэмпэм пыIэ къыхащIыкI.

* * *

Узбекистаным щыIэ Сайраб къуажэм дэт платан жыг абрагъуэм илъэс 800 и ныбжьщ. Абы и кугъуанэр - «унэ» цIэрыIуэр - апхуэдизкIэ Iэхуитлъэхуитщи, 1917 гъэм и пэкIэ еджапIэу щытащ. 1920 гъэм къыщыщIэдзауэ абы Сайраб къуажэ Советым и зэIущIэ щекIуэкIыу, иужьыIуэкIэ шуудзэ полкыр щIэсу, итIанэ тыкуэну щытащ.

* * *

Щыуэгъум деж саваннэр нэщI мэхъу, удз зытемытыж щIыгур фэншэщ. А зэманым ирихьэлIэу жыг лъабгъуэ къудамабэм мэ гуакIуэ къызыпих, сантиметр 20 зи инагъ гъэгъахэр къыпокIэ. А жыг телъыджэм зэреджэр баобабщ. Щыуэгъум деж абы зы тхьэмпи теткъым, ауэ гъэгъар пызщ, уэшх къошхри жыгхэр щхъуантIэ мэхъуж. Баобабым и лъагагъыр зэрыхъур метр 12-щ, пэжщ, метр 18-20-м нэс дэкIеи къахокI, ауэ и бгъуагъыр метри 10-м нос.

Абы и пхъэр икъукIэ щабэщ, псы куэди щIэтщ. А жыгым и кур кърахри цIыхухэм куэдрэ псэупIэ ящI (цIыху 30 зэрыхуэ баобаб ущрихьэлIи кьохъу), ищхьэмкIэ гъуанэ щыхьуамэ, псы щахъумэ. Баобабым и кур зэрыщыту къраха е кърагъэсыкIа щхьэкIэ къэмынэу, илъэс куэдкIэ мэпсэу. Ар икъукIэ жыг гъэщIэгъуэнщ: уэшх къыщешхам и деж ар нэхъ лъабгъуэ мэхъу, щыуэгъум деж бгъузэ мэхъуж.

Баобабым псы ирызэхуахьэс, унэ къыхащIыкI, ар кIапсэ, тхылъымпIэ ящI. КIапсэр жыгыфэрщ къызыхащIыкIыр. Сенегалым щыпсэухэм баобабым и тхьэмпэхэмрэ и фэмрэ яхьэжри шыбжийм, шыгъум и пIэкIэ къагъэсэбэп, тхьэмпэр номинхэми пылхэми я шхыныгъуэщ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Псым и адрей лъэныкъуэмкIэ къыщылъщIы. **8**. Шыкъумцlий уд фызыжьыр псыхьэ зэригъэкIуа хьэкъущыкъу. **10**. ФIэдзапIэ куэд зиIэ пкъо. **11**. Фадэ гуащIэ. **13**. Псыщхьэ тещтыкIа. **14**. ЩIыналъэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **16**. Iэпкълъэпкъ дахэ, зэкIуж зиIэ. **19**. Адыгэш къабзэ. **20**. ... зэхэдзэ нэхърэ - Iыхьэ зэхэдзэ. **21**. Iэщ цIыкIум зэгуамыгъэжу траха фэ. **25**. КъулыкъущIэшхуэм и IэнатIэр ... хэхыпIэ ищIащ. **27**. Iэтэ зэрымытым ... ирегъэувэ. **28**. Зи Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ гуп зыхэт жылагъуэ IуэхущIапIэ. Совет Союзым и зэманым апхуэдэу зыщ диIар, иджы хъушэу щыIэщ. **29**. КъурIэным и зы пычыгъуэ. **30**. Къэбэрдей адыгэ усакIуэ. **33**. Кхъухьлъатэхэр, къуалэбзухэр щытепщэ щIыпIэ. **38**. Къуаншагъэ зылэжьа цIыху. **39**. Анэкъилъху. **42**. Гъавэ щIапIэр здэщыIэ, цIыху псэупIэм пыIуха щIыналъэ. **44**. ... - урым бэнэкIэ. **45**. Лъахъстэн вакъэ пIащIэ. **47**. ГъукIэм къигъэсэбэп теIущIыкIыпIэ. **48**. Жыг кугъуанэхэр зи псэупIэ псэущхьэ кIэ баринэ. **49**. УемыIусэ - укъисынщ. **50**. Шым и кIуэкIэ. **51**. КъурIэн цIыкIу.

***Къехыу:*** **1**. Зи щIыфэр зэрыщыту «мастэ» псэущхьэ цIыкIу. **2**. ЩэкI кIапэ. **4**. Зи дамитIыр дэшея. **5**. ... жыгъей. **6**. Вакъэ лъапщэ кIыхь. **7**. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ и УнафэщIу щыта. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **9**. Макъамэ Iэмэпсымэ. **12**. Къуалэбзум, джэдкъазым я цы щабэ. **15**. Ди къэрал парламентым и зы къудамэм зэреджэр «Думэщ». Украинэм еим-щэ? **17**. Ужьэр, жьындур, джэдур абы и бий кIэуфIыцIщ. **18**. УнэлъащIэм щыщ. **22**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **23**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ лъэпкъ. **24** ПыIэ ... . **26**. Жыг ... е джэдыкIэ ... . **28**. ЕуэкIыпIэ. **31**. Егъэлеяуэ нэпсей. **32**. Пщым и IуэхутхьэбзащIэ. **34**. Чынтхэм езэуэну ежьа нартыжьхэм - Насрэн ЖьакIэ, Ашэмэз, Батэрэз, Арыкъшу, Сосым, ... (иджыри хэт я гъусар?) сымэ къум нэщIыжьым уае къащытехъуэм, Сосрыкъуэ мафIэ къахуихьащ. **35**. Пхъэм къыхащIыкI бжэмышх, шынакъ хуэдэхэм я кIуэцIыр зэрагъэтэмэм, дзитI зыIут IэмэпсымэкIэ. **36**. Къэбэрдей усакIуэ пажэхэм ящыщ зы, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа, «Бланэ щалъху мэкIуэж», «Къандес джэгу», «Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?» уэрэдхэм ящIэлъ псалъэхэр зи Iэдакъэщlэкl. **37**. Хьэ цIыкIу лъэпкъ. **40**. Нэхъапэм адыгэр зэфэу щыта фадэ. Иджы закъуэтIакъуэххэрэ фIэкI урихьэлIэжыркъым. **41**. Ди къэралыр «зэрыуэркъ», щIым къыщIаш хъугъуэфIыгъуэ. **43**. Адыгэ композитор. **46**. ШколакIуэм ар имыIэу хъунукъым. **48**. Дыщэ ... , фошыгъу ... е уащхъуэ мывэщхъуэ ...

*Зэхэзылъхьар*

**МЫЗ Ахьмэдщ.**



**ЩэкIуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Дэп. **4**. Куба. **6**. Собэ. **9**. ЕнтIыр. **11**. Пщагъэ. **13**. Бажэ. **14**. Молэ. **16**. Ригэ. **17**. Без. **18**. Гъашэ. **19**. Дыщэ. **22**. ЩIыхуэ. **23**. Мащэ. **24**. Урыху. **29**. Даущ. **31**. Къэбыстэ. **32**. Убых. **33**. Бжыхь. **34**. ПцIэгъуэплъ. **37**. Ахын. **42**. Джанэ. **43**. Пшыхь. **46**. Бжьын. **48**. Ленэ. **49**. Заул. **51**. Бжы. **52**. Хьэсэ. **53**. Анэш. **55**. ПащIэ. **56**. Нэгъуей. **57**. Абрэдж. **58**. Къунан. **59**. Гуащэ. **60**. Тэн.

***Къехыу:*** **1**. Данэ. **2**. Псым. **3**. Дыхьэрэн. **5**. Унажэ. **7**. Бэлагъ. **8**. ПщыхьэщIэ. **10**. НэIурыт. **12**. Гъэмахуэ. **15**. Чей. **20**. Iущхьэ. **21**. Курыт. **23**. Мы. **25**. Хугу. **26**. Къанжэ. **27**. Ныбгъуэ. **28**. Бытыр. **30**. Щыхь. **32**. Уфа. **35**. ЦIынэ. **36**. Пашэ. **38**. Удж. **39**. Кхъухь. **40**. БжьапцIэ. **41**. Анзорей. **44**. Алэрыбгъу. **45**. Гъунапкъэ. **47**. Ажэ. **50**. Ленин. **52**. ХьэщIэщ. **54**. Шэнт. **55**. Пэгун.

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Гу зылъытапхъэ**

**МыIэрысей жыгыщIэхэр дощэ**

Кэнжэ щагъэкIащ. Жыг цIыкIуэхэр курыт лъагагъ зиIэхэм хуэдэщ.

**Телефоныр:** 8-906-483-41-11.

## «Iуащхьэмахуэ» журналым и етхуанэ къыдэкIыгъуэр

**ЩIэ**

**«Iуащхьэмахуэ» журналым и мыгъэрей етхуанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.**

АР КЪЫЗЭIУЕХ тхакIуэ Хьэх Сэфарбий и «Дуней гъащIэ» тхыгъэм щыщ «ИщхъэрэкIэ» IыхьэмкIэ, зи пэщIэдзэр еплIанэ къыдэкIыгъуэм тетамкIэ. Абы кIэлъокIуэ Нэхущ Хьэжпагуэ «Яужь гъуэгуанэ» зыфIища рассказыр.

Къэжэр Хьэмид «Ар къызыхуигъэщIауэ щыта гъуэгур» эссер триухуащ тхакIуэ щэджащэу, драматург гъуэзэджэу, усакIуэ ахъырзэману щыта IутIыж Борис и творчествэм.

«Пшыналъэ» псалъащхьэм щIэту къытрадзащ Нало Заур и «Дыщэ жьакIэ» тхыгъэр.

Къэбэрдей усыгъэм лъэужь дахэ къыхэзына, абы зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ илъэс 95-рэ хъуащ. Абы теухуащ «Зи гуащIэдэкIхэр мыкIуэдыжынщ» тхыгъэмрэ Елгъэр Кашиф и «Зи адэцIэри зи цIэри зыгъэпэжу псэуа е ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сэ зэрысцIыхуу щытар» гукъэкIыжымрэ. Апхуэдэуи традзащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и «Анэ», «Къурш псынэ» рассказхэр.

Адыгэ литературэм лъэужь дахэ къыхинащ пасэу дунейм ехыжа Дыгъужь Къурмэн. Абы и ныбжьыр мы гъэм илъэс 70 ирикъунут. Дыгъужьым и творчествэм триухуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор БакIуу Хъанджэрий «Зи гъащIэр литературэм къурмэн хуэзыщIа тхакIуэ» зыфIища тхыгъэр. Журналым апхуэдэу къытрадзащ Дыгъужь Къурмэн и «Бжьыхьэ псыдзэ» романым щыщ пычыгъуэ.

Журналым адэкIэ фыкъыщеджэнщ «Iуащхьэмахуэ сыт щыгъуи си плъапIэт» тхыгъэм. Ар Жэман Ахьмэд и IэдакъэщIэкIщ.

«Псори зэгурызыгъаIуэ фIыгъуэ» - арaщ фIищар Къалмыкъ Аднан Сирием къыщалъхуа адыгэ щIалэ Хьэлауэ Бэшар 2002 гъэм Щам къыщыдигъэкIа «Iущыгъэм и псынэ» тхылъым триухуа тхыгъэм.

АдэкIэ журналым итщ Бейтыгъуэн Сэфарбий и жыIэгъуэхэр.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Андрей «Умыдзыхэ, си нанэ дыщэ...» тхыгъэм щытопсэлъыхь зэман жыжьэхэм къыщегъэжьауэ ди лъэпкъым анэм, бзылъхугъэм пщIэшхуэ яхуищIу зэрыщытам, ар адыгэ IуэрыIуатэм, литературэм къызэрыхэщыж щIыкIэм.

Налшык школ-интернатыр къызэрызэIуахрэ илъэс 65-рэ мэхъу. Абы триухуащ журналист АфIэунэ Рае и «Гугъэмрэ гъащIэмрэ я зэпыщIакIуэ» гукъэкIыжыр.

Гъэмахуэм и пэщIэдзэхэм Тыркум щыхьэщIащ республикэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр. Гупым и унафэщIу щыта усакIуэ, журналист Лыкъуэжь Нелли абы теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ дэгуэшащ журналист ТекIуэжь Заретэ. «Адыгэ щэнхабзэм щIыналъэхэр зэпэгъунэгъу ещI» псалъащхьэм щIэт тхыгъэм абы щыгъуазэ фыщыхуэхъунущ.

«Пасэрей псысэхэр» псалъащхьэм щIэту Хьэтуей Заурбэч итхыжа хъыбархэри журналым къивгъуэтэнущ.

**АБЗУАН Пщымахуэ.**

**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъуцIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



**«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР** 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Мариannэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырaщ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3773